T.A. KUDYAROVA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ



NÓKIS-2017

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASİ JOQARİ HÁM ORTA ARNAWLİ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATINDAĠI NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALİQ INSTITUTİ**

**TARIYX OQİTİW METODIKASİ KAFEDRASİ**

***T.A. Kudyarova***

# FAKUL`TETLER ARALİQ

# QARAQALPAQSTAN TARIYXİ

# páninen

**OQİW-METODIKALİQ QOLLANBA**

*(Pedagogikalıq instituttın bakalavr tálim baǵdarı barlıq qánigelikleri, ASB talabalarınıń seminar hám óz betinshe jumısların orınlawı ushın)*

**NÓKIS-2017**

***Dúziwshi: T.A. Kudyarova***

Ǵárezsizlik jılları jámiyetshiliktiń, ásirese jaslardıń óz xalqınıń tariyxın tereń biliwge qızıǵıwshılıǵı arttı. Sonıń ushın da birinshi Prezidentimiz Islam Karimov «Tariyxtı umıtqan xalıq, jámiyet óz jolın umıtadı. Bunday xalıq hám jámiyettiń keleshegi joq» degen edi.

Talaba jaslarımız joqarǵı tálimniń bakalavriat baǵdarı 1-2 kurslarında fakultetler aralıq «Qaraqalpaqstan tariyxı» pánin úyrenedi. Sonıń ushın bul metodikalıq qollanbada seminar hám óz betinshe jumıslar boyınsha tayarlanǵan zárúrli bolǵan oqıw materialları keń orın alǵan.

Bul qollanbadan Joqarı oqıw orınlarınıń studentleri, kásip-óner kolledjleri, licey hám mektep oqıwshıları hám de oqıtıwshıları ushın paydalanıw usınıs etiledi. Oqıw rejesine muwapıq fakultetler aralıq «Qaraqalpaqstan tariyxı» pánine 36 saat ajıratılǵan bolıp, sonnan 20 saatı auditoriyalıq, 16 saatı óz betinshe jumıslarǵa mólsherlengen.

**J U W A P L İ R E D A K T O R**

**R.Bazarbaev - Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Tariyx oqıtıw metodikası" kafedrası docenti, tariyx ilimleri kandidatı**

**P I K I R B I L D I R I WSH I L E R:**

**1. B.Qoshanov - Qaraqalpaq mámleketlik universiteti professorı, tariyx ilimleri doktorı.**

**2. A.Sarıbaev - Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Tariyx oqıtıw metodikası" kafedrasi baslıǵı, tariyx ilimleri kandidatı**

**3. B.Turǵanov - Ájiniyaz atındaǵı NMPI docenti, tariyx ilimleri kandidatı.**

**«Tariyxtı umıtqan xalıq, jámiyet óz jolın umıtadı. Bunday xalıq hám jámiyettiń keleshegi joq».**
**Islam Karimov**

## Kirisiw

Ǵárezsiz Ózbekstan Respublikası quramında Qaraqalpaqstan suveren respublikaǵa aylanǵannan keyin, xalqımızdıń áyyemgi, jańa hám eń jańa dáwirdegi tariyxına kewil awdarılıp bul pán respublikamızdıń joqarı hám orta arnawlı oqıw orınları - kolledj hám akademiyalıq liceylerde sabaqlıq retinde óqıtılıp atır. Qaraqalpaq xalqı úlken tariyxıy ótmishke iye, onıń tariyx betleri Orta Aziya tariyxı menen tıǵız baylanıslı hám aymaqları áyyemgi civilizaciya oraylarınıń biri bolıp esaplanadı.

Ǵárezsizlik jılları, jámiyetshiliktiń, ásirese jaslardıń óz xalqınıń tariyxın tereń biliwge qızıǵıwshılıǵı arttı. Sonıń ushın da birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov «Axborot kommunikaciya texnologiyaları, matematika, fizika, ximiya, óndiris, menejment– bulardıń hámmesi kerek, álbette, biraq tariyxtı biliw bul - turmıslıq zárúrlik. Turmıstı biliw biz qaysı ásirde jasap atırǵanımızdı ańlaw, bul hámmemizdiń minnetimiz. Yaǵnıy turmıstan ayaǵı úzilgen, real waqiyalardan uzaqlasqan adam hesh qashan óz maqsetlerine erise almaydı»[1] degen edi.

Ǵárezsizlikti qolǵa kirgizgennen soń watanımız tariyxı jańa basqıshtı basladı. Házirgi waqıtta jámiyettegi ruwxıy baylıǵımız, milliy abıroyımızdıń ósiwi, tariyxıy esteliklerimizdiń, xalqımızdıń obъektiv hám haqıyqıy tariyxınıń qayta tikleniwi, ana watanımız hám de mámleketimiz tariyxınıń qayta tikleniwi úlken siyasiy áhmiyetke iye. «Ózbekstannıń jańa tariyxı» hám «Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı» miynetleri bunıń ayqın mısalı bola aladı. Demek biz ótmishti tiklew, tariyxıy haqıyqatlıqtı anlaw arqalı óz ruwxıy sanamızdı bayıtamız hám jámiyetti jańalaymız.

[1] Karimov I.A. Ona yurtimim baxtu iqboli va buyuk kelajagi yo'lida xizmat qilish – eng oily saodatdir. Toshkent - «O'zbekiston» - 2015 110-bet

Tariyxtı biliw – hár bir insannıń ótmishimizdi ańlap jetiwine, házirgi dáwirdegi mashqalalardı sheshiwine, ómirden óz jolın tabıwina hám keleshekke baǵdarlawshı pán. Tariyx - xalıqtıń birlesiwine, milliy ǵárezsizlik ideyasına tiykar saladı.

Talabalardı oqıtıw procesinde olardıń bilim dárejesiniń sapasın qadaǵalaw eń áhmiyetli orındı iyeleydi. Talabalardıń bilimin bahalaw ádil bolıwı menen birge ilajı barınsha kóp waqıttı almawı kerek. Bunıń ushın qısqa juwaplı sorawlar, súwretler, krossvordlar, organayzerler hám testlerden paydalanıp, olar arasında jazba hám awızeki bahalaw ótkeriwge boladı.

Talabalardıń óz betinshe jumısı oqıw rejesindegi pándi ózlestiriw ushın belgilengen oqıw isleriniń ajıralmas bólegi bolıp, ol xabar resursları menen támiyinlenip, orınlanıwı reyting sisteması talapları tıykarında qadaǵalanadı. Fakul`tetler aralıq «Qaraqalpaqstan tariyxı» páni ushın ulıwma 36 saat ajıratılǵan, sonnan 12 saat lekcya, 8 saat seminar hám 16 saat óz betinshe jumıslarǵa ajıratılǵan. Bul pándi úyreniw barısında semestr aralıǵında orınlanǵan tapsırmalar kúndelik bahalaw tiykarında ámelge asırılıp, onda seminar sabaqları esabınan bir máretebe (1-KB-35 ball) hám ekinshi mártebe óz betinshe jumislar (2-KB-35 ball) esabınan bahalanadı.

## Talabanıń óz betinshe jumısı boyınsha ulıwma túsinik

### Talabanıń óz betinshe jumısınıń maqseti:

❖ Oqıtıwshılardıń basshılıǵında, onıń hám qadaǵalawı astında talabanıń belgili bir oqıw jumısın óz betinshe orınlawı ushın zárúr bolǵan bilim hám kónlikpelerdi sáwlelendiriw, rawajlandırıw;

❖ Oqıtıwshınıń qadaǵalawısız talabanıń oqıw jumısın óz betinshe izertlep, ilimniń teoriyalıq táreplerin ózlestirip, onı ámelde qollanıwdan ibarat.

| ÓZ BETİNSHE JUMIS | | |
|---|---|---|
| **bekkemlewshi** | **dóretiwshilik-rawajlandırıwshı** | **izertlewshilik** |
| *shınıǵıwlar, qadaǵalaw jumıslarınıń orınlanıwı, laboratoriya hám seminar tapsırmalarına tayarlıq, testler, diktant jumisların jazıw, esse, shıǵarma hám konspektlerdi duris jaziw hám t.b.* | *testler dúziw, sabaqlardıń joba hám islenbelerin islew, bayanat, tezis, annotaciya, shıǵarmalar hám kurs jumısların jazıw, bir tilden ekinshi tilge awdarma islew, bibliografiya dúziw hám t.b.* | *ilimiy mazmundaǵı kurs jumısın jazıw, ilimiy temalardaǵı bayanat, tezis, maqalalar tayarlaw, pitkeriw qánigelik jumısı hám magistrlik dissertaciya jumıslarına recenziya, sın, annotaciya jazıw, sabaq temaları ushin islenbeler hám texnologiyaliq kartalar tayarlaw hám t.b.* |

### TALABANİŃ ÓZ BETINSHE JUMİSİNİŃ WAZİYPALARİ:

➢ Qaraqalpaqstan aymaǵında jasaǵan áyyemgi xalıqlar olardıń etnogenezi hám etnik tariyxın úyretiw,

➢ mámleketshiliktiń payda bolıwı hám rawajlanıwı basqıshların biliw,

➢ dúńya júzlik civilizaciyanıń rawajlanıwında úlkemizdiń tutqan ornı haqqında túsinikke iye bolıw;

➢ tariyxıy-arxeologiyalıq hám mádeniy esteliklerimiz, olardıń úyreniliw tariyxı hám tariyxnamasın biliw;

➢ jaslarımızdıń siyasiy mádeniyatın kóteriw, olarǵa jámiyettegi ornın tabıw ushın sociallıq baǵdar beriw;

- Ana watan, xalıq, onıń tariyxı, joqarı ruwxıylıǵın hám ádep-ikramlılıǵın tariyxıy bilimler menen tárbiyalaw, bayıtıp barıw;

**Óz betinshe jumıslardı orınlawda talabalarǵa tómendegi talaplar hám kónlikpeler qoyıladı:**

- Talabalar teoriyalıq bilimlerdi ózlestiriwi arqalı xalqımızdıń social-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy turmısındaǵı qıyınshılıqları, mashqalaları hám rawajlanıwı barısındaǵı jámiyetlik processler, xalıq háreketleri, olardıń sebepleri hám aqıbetleri, jeńilisleri hám jeńisleri, usı Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı ásirler dawamında jasap kiyatırǵan xalıqlardıń nızamlıqların biliwi, úyreniwi hám de olar boyınsha pikir bildire alıwı kerek;

**Qaraqalpaqstan tariyxınıń tómendegi temaları boyınsha óz betinshe jumıslardı orınlaw usınıs etiledi:**

- Qubla Aral boyı qaraqalpaqlardıń áyyemgi ata-mákan jayları;
- Qaraqalpaq xalqınıń fol'klorlıq hám etnografiyalıq miyrasları;
- Qaraqalpaqlardıń muqaddes orınları;
- Qaraqalpaq qalaları hám bazarları;
- Altın Orda dáwirindegi Qubla Aral boyı mádeniyatı;
- Qaraqalpaqlar jerleri XVI-XIX ásirlerde;
- Qubla Aral boyı patsha Rossiyası koloniyası dáwirinde;
- Qaraqalpaqstan - Suverenli jańa dáwirde;

**Talabanıń óz betinshe jumısın shólkemlestiriw túrleri**

- Baptı, bólimdi, temanı oqıw ádebiyatları (qosımsha ádebiyatlar) járdeminde óz betinshe ózlestiriw;
- berilgen tema boyınsha materiallar tayarlaw;
- seminar, ámeliy hám laboratoriya jumısların orınlawǵa tayarlıq kóriw;
- kórgizbe qurallar, tarqatpa materiallar hám kartalar tayarlaw;
- test dúziw, krossvord yamasa glossariyler tayarlaw;
- ánjumanlarǵa bayanat, tezis, ilimiy maqala tayarlaw hám baspaǵa usınıw;

❖ teoriyalıq bilimlerdi ámeliyatta qollanıw.

## Talabanıń óz betinshe jumısın qadaǵalaw hám bahalaw

* talabanıń óz betinshe jumısı pánniń jumıs baǵdarlamasında ajıratılǵan saatlarǵa sáykes reyting balları menen bahalanıp, nátiyjesi pán boyınsha talabanıń reytingine kiritiledi;

* talabanıń óz betinshe jumısı bir máretebe kúndelik bahalaw sheńberinde maksimal ball-35 ball menen bahalanadı;

* talabanıń óz betinshe jumısı kafedra arxivinde dizimge alınadı hám oqıw jılı dawamında saqlanadı.

**N Á T I Y J E:**

***1-etapta:***

❖ temanıń maqsetin, maǵlıwmat toplaw dereklerin anıqlap, talqılaw isleri orınlanadı;

❖ hár bir talaba tapsırmanı orınlaw ushın Qaraqalpaqstan tariyxınıń konkret bir mashqalasın (etnos hám qáwimler, xalıq hám qalalar, tariyxıy-arxeologiyalıq estelikler, folklorlıq hám etnografiyalıq miyrasları, muqaddes orınları hám bazarları) tańlaydı.

***Mısalı:***
**Qaraqalpaqstandaǵı arxeologiyalıq estelikler boyınsha nelerdi bilesiz?**

✓ Qaraqalpaqstan ózine tán "Arxeologiyalıq qorıqxanası" bolıp esaplanadı;

✓ Bul jerde 300 den aslam arxeologiyalıq estelikler bar;

✓ Áyyemgi dawirlerde bul jerler Xorezm dep atalǵan. Bulardıń kópshiligi Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyasınıń jetiskenlikleri bolıp tabıladı. Al, bul ekspediciyanı S.P.Tolstov basqarǵan.

***2-etapta:***

**KOMP`YUTER TEXNOLOGİYALARINAN PAYDALANILADI:**

❖ İnternet saytlarınan paydalanıp tema boyınsha (tariyxıy-etnografiyalıq ornalasıwı, xojalıq, mádeniy tipleri, antropologiyalıq, lingvistikalıq klassifikaciyası,

materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı, dini, diniy isenimleri, úrp-ádet dástúrleri hám t.b) maǵlıwmatlar toplaw;

- ❖ kórsetilgen tapsırmalar boyınsha karta hám tablica tayarlaw, súwretler jıynaw, foto al`bom tayarlaw;
- ❖ toplanǵan maǵlıwmatlardı analizlew.

***3-etapta:***

**Orınlanǵan óz betinshe jumısın tapsıradı:**

- ❖ jumıs nátiyjelerin tapsırıw usılları oylap tabıladı, jetilistiriledi;
- ❖ foto al`bom, plakat, slaydlar hám referat, bayanat, jumısları tayarlanadı;
- ❖ juwmaq jazılıp, bahalanadı.

**QARAQALPAQSTAN TARIYXI PÁNİ BOYINSHA TALABALARDIŃ ÓZ BETİNSHE JUMIS TEMALARINIŃ BÓLISTIRILIWI**
**1-kurs II- semestr ushın**

| N | Óz betinshe jumıs temaları mazmunı | saat |
|---|---|---|
| 1 | Qubla Aral boyı qaraqalpaqlardıń áyyemgi ata-mákan jayları | 2 |
| 2 | Qaraqalpaq xalqınıń fol’klorlıq hám etnografiyalıq miyrasları | 2 |
| 3 | Qaraqalpaqlardıń muqaddes orınları | 2 |
| 4 | Qaraqalpaq qalaları hám bazarları | 2 |
| 5 | Altın Orda dáwirindegi Qubla Aral boyı mádeniyatı | 2 |
| 6 | Qaraqalpaq jerleri XVI-XIX ásirlerde | 2 |
| 7 | Qubla Aral boyı patsha Rossiyası koloniyası dáwirinde | 2 |
| 8 | Qaraqalpaqstan - Suverenli jańa dáwirde | 2 |
| | **Jami:** | **16** |

## *№1. Óz betinshe jumıs*

## *Tema: QUBLA ARAL BOYİ QARAQALPAQLARDİŃ ÁYYEMGI ATA-MÁKAN JAYLARİ.*

***1-tapsırma:*** **Qaraqalpaqstan aymaǵı - áyyemgi adamlar mákanı.**

***Orınlanıwı:***

Talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda Qaraqalpaqstannıń tas ásirindegi mákan jayların anıqlaw (Ústúrttegi Barsakelmes torınıń arqa batısında jaylasqan Esen-1, Esen-2, Qaraqudıq hám Shaqpaqtı ustaxanası hám t.b. esteliklerdiń barlıǵı) biliw kerek;

- Qaraqalpaqstan aymaǵında alǵashqı jámiyetlik dúzimniń dáwirlerin hám onıń basqıshların biliwi menen birge usı dawirlerde bolıp ótken tariyxiy processlerdi úyreniwi zárúr:

- poleolit,
- mezolit,
- neolit.
- eneolit,
- bronza
- temir

**1.1. Oqıw tapsırma: Klasterdi toltırıń**



## 1.2. Oqıw tapsırma: “Qanday” texnologiyası

**Mashqalanı qanday sheshiw múmkin ekenligi jolları úyreniledi**

**“Qanday?” sxemasin toltırıń.**




## 1.3. Oqıw tapsırma: «Venn» diagrammasını toltırın.



*2-tapsırma:* **Kelteminar, Tazabaǵjab, Suwjarǵan hám Ámirabat mádeniyatlarınıń Qaraqalpaqstan tariyxındaǵı ornı hám áhmiyeti.**

***Orınlanıwı:*** Talaba tapsırmanı orınlaǵanda bul mádeniyatlardıń payda bolǵan dáwiri hám bul mákan jaylarda jasap, tirishilik etken xalıqlardiń xojalıǵı onıń túrleri, turmis táriizi, diniy túsinikleri, neke qatnasıqları hámde milliy dásturleri máselesine toqtalıwı kerek.

*3-tapsırma:* **Áyyemgi Xorezm mámleketi**

***Orınlanıwı:***

Áyyemgi Xorezm mámleketiniń jaylasqan ornı, aymaqları payda bolǵan dawirleri hám bul aymaqta mámleketshiliktiń payda bolıw tariyxına toqtalıp ótedi. B.e.sh. 1 mıńınshı jıllıqtıń basında Ámiwdár`yanıń oń tárepinde Qaraqalpaqlar aymaǵında diyqanshılıq oazisleriniń payda bolıwı hám b.e.sh. VII-VI ásirlerde Ámiwdár`yanıń shep tárepinde, Ámiwdár`yanıń eski del`ta boylarında Uzboy jaǵalarına sak qáwimleriniń aralasıwı menen payda bolǵan mádeniyat haqqında maǵlıwmat toplawı hám usı dawirlerdegi tariyxiy processler haqqında biliwi kerek.

***Temanı hám berilgen tapsırmalardi orınlawda kerekli úskeneler:***

Fakul’tetler aralıq Qaraqalpaqstan tariyxı páninen tekst lekciya (NMPI Axborot-resurs orayı, Qaraqalpaqstan tariyxı páninen OMK), Qubla Aral boyı xalıqları tariyxı, etnografiyası, arxeologiyası boyınsha ádebiyatlar (S.P.Tolstovtıń Drevniy “Xorezm” hám “Po drevnim del`tam Oksa i Yaksarta”, Ya.G. Gulyamovtıń “İstoriya orosheniya Xorezma s drevneyshix vremen do nashix dney”, M.Mambetullaev, M.Turebekov, O.Yusupovtıń “Qaraqalpaqstan tariyxi”, K.Mámbetovtıń “Qaraqalpaqlar etnografiyası” hám “Qaraqalpaqlar tariyxi” sonday-aq Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı), tarqatpa materiallar, Qaraqalpaqstan tariyxi boyınsha SD ler, siyasiy hám kontur kartalar.

## *JUMISTIŃ MAZMUNI*

***Qaraqalpaqstan jerleri tas ásirinde.*** Bul aymaqlar tábiyiy geografiyalıq jaǵday hám áyyemgi gominidlerdiń jasaǵan ortalıǵı. Usı dáwirlerde Aral Kaspiy aralıǵı, Ústúrt dalalarındaǵı jaǵday sol geografiyalıq ortalıqqa beyimlesip, adamlardıń qonıs basıp hám mákanlaǵan jerlerine aylanǵan. Ústúrt keńisliginen tabılıp úyrenilgen tas dáwirindegi estelikler adamlardıń oraylıq Ústúrtte turaqlı jasap, máwsimlerde kelip waqıtsha ózlestirip hám ań awlap jasaǵanınan derek beredi. Paleolit –mezeolit hám neolit dáwirlerinde adamlar Aral-Kaspiy aralıǵına, Ústúrt keńisliginde, Qızıl qumǵa qonıs basqan.

**Paleolit-** áyyemgi tas dáwiri **(“paloys”-** qadimgi**, “litos”-** tas**)** úlken úsh dáwirge bólinedi:

Olduvay (3-2,5 mln. -700 mıń jıl burın);

Ashel` (700 mıń -150 mıń jıl burın);

Must`e (150-120 mıń 30-31 mıń jıl burın) dáwirleri**.**

Barlıq tas dáwirlerinde miynet quralların islewde tas tiykarǵı orındı iyeleydi. Sonlıqtan da, áyyemgi tas dáwiriniń qonıs orınlarında tastan islengen qurallar hám buyımlar kóp ushırasadı. Ashel` dáwirine kelip miynet qurallarınıń túrleri kóbeydi. Taslardı birin ekinshisi menen urıp jarıp hám kerekli formada qurallar jasaǵan.

***Sońǵı paleolit:*** Qaraqalpaqstannıń Ústúrt keńisliginen tabılıp izertlengen sońǵı paleolit bunnan burıngı 35-30 mıń jıllardan 12-10 mıńınshı jıllardı óz ishine aladı. Bul dáwir Homo sapiens keyingi paleolit dáwirinde sanalı adamnıń payda bolıwı menen adamzat jámiyetiniń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatınıń joqarı rawajlanıwları arasında tikkeley baylanıslar bolǵanın dálilleydi.

Sońǵı tas dáwiri mákan jayları mádeniy qatlamlarınan súyek, aǵash, ılaydan, tastan islengen hayal músinleriniń ushırasıwı, hayallarǵa húrmet hám jámiyette olardıń joqarı dárejede bolǵanın tastıyıqlaydı. Ana hám qızlar úy xojalıǵında úlken orın tutıp, shańaraqta, oshaqta ottı saqlaǵan, balalardı asırap tárbiyalap hám olarǵa ǵamxorlıq

etken. Usı dáwirden baslap, óz-ara tuwısqanlar arasında neke túsiw áste-aqırın biykarlana baslaydı hám shańaraqtıń ishki tártibi ústinen qadaǵalaw júrgiziledi.

Orta Aziyada sońǵı paleolit dáwiriniń mákan jayları bolgan pespublikamız aymaǵında Ústúrt keńisligindegi Esen-3, Shuruk-12 mákan orınları tabılıp tekserildi.

**Mezolit dáwiri.** ***Mezolit*** *sózi* ***mezos-*** *orta hám* ***litos-*** *tas* degen áyyemgi grek sózinen alınıp, "orta tas ásiri" degen mánisti bildiredi. Mezolit dáwirinde taslardan sigment, trapeciya hám úsh múyeshli túrdegi mayda qurallar-mikrolitler islenedi. Adamlar bul qurallardı aǵashlardıń ushlarına teri jipler menen baylap, olardı pıshaq hám oraq ushına paydalanadı. Adamzattıń eń úlken jetiskenlikleriniń biri sarı jaydı (oq jaydı) oylap tawıp onı turmısta keńnen paydalanıwı boladı.

Qaraqalpaqstanda mezolit dáwiri estelikleri Ústúrt keńisliginde jaylasqan Aydabol qudıǵı dógereginde jaylasqan. Sol jerdiń atı menen Aydabol 2,4,6,9, 11,14,16, 25, Aqtaylaq 1, Aydaboldan 6-8 km batısta jaylasqan Jarınqudıq 1-3 mákan orınları boladı. Qubla Aral boylarında mezolit dáwirinen baslap jeke ańshılıq (quslar, jabayı haywanlar) kásibi qáliplesken hám balıqshılıq payda bolǵan.

**Neolit.** Neolit uzaq dawam etken tas ásiriniń sońǵı hám juwmaqlawshı basqıshı. ***Neolit*** *sózi* ***neo****- jańa hám* ***litos****- tas* degen áyyemgi grek sózlerinen alınıp "jańa tas dáwiri" degen mánisti bildiredi. Neolit b.e.sh. VI-III mıńınshı jıllardı óz ishine aladı. Bul dáwirde taslardan miynet quralların islewdiń texnikası jáne de jetilesedi.

Orta Aziyanıń qubla rayonları aymaǵında xojalıqtı júrgiziwdiń jańa, júdá áhmiyetli usılı bolǵan diyqanshılıq, mal sharwashılıq hám ónermentshilik rawajlanadı. Neolitte jámiyet, ruw-qáwim, shańaraq turmısında –«oyanıwshılıq» ózgerisler hám ózgeshelikler payda boldı. Neolit dáwirinde adamlardıń úlken tabıslarınıń biri - olar gúlalshılıq, ılaydan hár túrli ıdıs buyımlar islewdi hám olardı oshaq otında pisirip tayarlawdı úyrenedi.

Neolit dáwirinde adamlar bulaq boylarına, kól jaǵalarına, dár`yaǵa jaqın toǵaylarǵa hám taw úńgirlerine qonıs basadı. Qaraqalpaqstan aymaǵında neolit dáwirine tiyisli estelikler kóplep tabıldı hám úyrenildi.

***Eneolit dawiri. Eneolit*** *yaǵnıy* ***mıs-tas*** *dáwiri* adamları metallar menen tanısadı. Mıs dáwirine ótiw menen, óndiriwshi kúshler jáne de ósedi. Bul dáwirde qáwimlerdiń social-mádeniy turmısları bir qıylı bolmaydı. Orta Aziyanıń túrli wálayatlarında eneolit bir waqıtta ótpeydi. Túrkmenstannıń qublasında mıs-tas dáwiriniń baslanıwı b.e.sh. IV mıńınshı jılı bolsa, al usı dáwirde Orta Aziyanıń arqa dalalıq, shıǵıs tawlı rayonlarındaǵı áyyemgi qáwimler tiykarınan ańshılıq, balıqshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanadı.

Qaraqalpaqstan jerinde neolitten metall dáwirine ótiw basqıshı b.e.sh. IV-III mıńınshı jıllardıń sońǵı dáwirine tuwra keledi. Eneolit dáwirine tiyisli keramika hám mıstan islengen qurallar (pıshaq, júzik hám t.b. bezeniw buyımlar) Kelteminar mádeniyatı estelikleri menen aralasıp ushırasadı.

**Bronza dáwiri.** Bronza ásiri b.e.sh. III mıńınshı jıllıqta baslanadı. **Bronza**- bul **mıs** penen **jezdiń** qosımtası. Bronza óziniń sapası jaǵınan mıstan joqarı turadı. Mıs jumsaq metall bolıp, onnan islengen qurallar onsha shıdamlı bolmaydı. Bronza mısqa qaraǵanda qattı hám sapalı. Bronza ásiriniń xojalıq tarawında erisken úlken jańalıqlarınan biri - áyyemgi diyqanshılıqtıń keń taralıwı hám b.e.sh. II mıńınshı jıllardıń 2-yarımında sharwashılıqtıń diyqanshılıqtan ajıralıwı. Qaraqalpaqstan jerinde bronza dáwirinde eki arxeologiyalıq mádeniyattı payda etken qáwimler jasaydı. Bular Suwjarǵan hám Tazabaǵjap mádeniyatı.

**Temir dáwiri.** Orta Aziyada erte temir ásiri b.e.sh. IX ásirde baslansa da, xojalıqta temirden keń paydalanıw b.e.sh. VIII-VII ásirlerge tuwra keledi.

B.e.sh. VII-VI ásirden baslap Qaraqalpaqstan aymaǵında temirdi xojalıqta paydalanıw keń tarqaladı. Temirden miynet quralları (bel, ketpen, pıshaq, oraq, qulp h.t.b.) qural jaraqlar (nayza, sarı jay ushları, qılısh, qanjar, attıń zańgisi, suwlıǵı) islenedi. Temirden xojalıqta paydalanıw nátiyjesinde óndiris tarawları keńeydi. Óndiriwshi kúshler ósti. Erte temir dáwirinde Ámiwdár`yanıń shep tárepinde Gúzeli qır mádeniyatı, Ámiwdár`yanıń burıńǵı del`tası Uzboy boylarında Kúyusay mádeniyatı payda boladı. Kanallar qazılıp, diyqanshılıqtıń tarawı keńeydi, diyqanshılıqtıń ónimi artadı, mal sharwashılıq, ónermentshilik hám balıqshılıq rawajlanadı.

***Kelteminar mádeniyatı:*** Ámiwdár'yanıń eski deltası boyında, ózlerine menshiklep ózlestiriwshi túrdegi burıngı ekonomika tiykarında qálipplesken Kelteminar mádeniyatı birligindegi qáwimler bar edi. Kelteminar mádeniyatınıń úlken esteliklerine Janbas-4, «S.P.Tolstov mákan» ları jatadı.

Kelteminarlilar hár túrli kórinistegi turaq jaylarda jasadı. Solardan Janbas-4 esteligi qazıp izertlengende, maydanı 308 kv. metrlik turaq jay qaldıǵı úyrenildi. Kelteminar mádeniyatı túrlerine kiretuǵın Zarafshan boylarında úlken Tuzkan, Dáryasay, batıs Qazaqstannan Shatpaqkól, Qaynar, Jılan qala, Sarıqamıs estelikleri tabılıp, izertlendi. Kelteminarlar xojalıǵınıń tiykarǵı tarawı ańshılıq, balıqshılıq, terimshilik bolǵan. Kelteminar mádeniyatı kelip shıǵıwı jaǵınan Kaspiy mezolitine jaqın hám Jayıq, batıs Sibir' qáwimleri menen de baylanısta bolǵan.

**Suwjarǵan mádeniyatı.** B.e.sh. 2 mıńınshı jıllar ortasında Orta Aziyanıń qubla rayonlarında diyqanshılıq penen shuǵıllanıp, qońsı qáwimler menen ekonomikalıq-mádeniy baylanısta bolıp jasaǵan qáwimlerdiń bir toparı Ámiwdár`yanı órlep kelip, Aqshadár`ya del`ta boyındaǵı Kelteminardıń urpaqları menen aralasıp Suwjarǵan mádeniyatın payda etedi. Suwjarǵanlılar suwǵarıp diyqanshılıq etedi, sharwashılıq hám balıqshılıq penen de shuǵıllanadı. Olardıń materiallıq mádeniyatında ásirese, gúlal ıdıslardıń túri, naǵısları Túrkmenstannıń qubla rayonında, Anaw mákanında hám Irannıń shıǵıs taw eteklerinde jasaǵan qáwimlerdiń xojalıq buyımlarına usawı bul eller arasındaǵı mádeniy baylanıslardı dálilleydi. Suwjarǵan mádeniyatına tiyisli esteliklerge Qamıslı 1,2, Janbas 6, Bazar 1,2 hám Qawınlı 1 jatadı.

***Tazabaǵjap mádeniyatı*:** B.e.sh. XV ásirde, Suwjarǵan mádeniyatı menen irgeles Tazabaǵjap mádeniyatı payda boladı. Tazabaǵjap mádeniyatınıń payda bolıwına b.e.sh. 2 mıńınshı jılları qubla Aral boylarına, jergilikli xalıqlar arasına Qubla Ural boylarında Srub mádeniyatın payda etken Batıs Qazaqstanda hám Sibir`de sharwashılıq penen shuǵıllanǵan qáwimlerdiń aralasıwı sebep boladı.

Tazabaǵjapshılar bronza ásirinde Ámiwdár`yanıń eski tarmaǵı Aqshadár`ya del`ta boylarında suwǵarıp diyqanshılıq etedi. Diyqanshılıqta jerlerdi qazıp, egislik jerlerdiń kólemin keńeytedi hám ónimin arttıradı.

***Ámirabad mádeniyatı:*** Bronza dáwiriniń sońǵı basqıshında Qaraqalpaqstan aymaǵında Ámirabad mádeniyatı qáliplesedi (b.e.sh. IX-VIII ásirler). Ámirabadlilar, Tazabaǵjapshilardıń dástúrin dawam etedi. Olardıń xojalıǵı kompleksli bolǵan diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq hám ónermentshilik penen shuǵıllanadı. Turaq jaylardıń diywalların paqsadan salıp, geyde jer tólelerde de jasaydı. Xojalıq buyımların bronzadan isleydi. Ámirabad mádeniyatına tiyisli esteliklerge Bazar 1, Qawındı 1, Kókshe 1, Ústúrtte Qaraqudıq, Sulama hám t.b. kiredi.

## <u>Bilimińdi sına.</u>

1. Qamıs penen aǵashtan islengen, biyikligi 8-10 metr, kólemi 26X17 m bolǵan jay qayerden tabılǵan?

**A) Ámirabad B) Tazabaǵjap C) Esen-3 D) Janbas-4**

2. Qaysı mádeniyat jaylarında 100-120 adam birge turǵan?

**A) Ámirabad B) Tazabaǵjap C) Kelteminar D) Tegisken**

3. Kelteminar mádeniyatına tiyisli qaysı jay kólemi boyınsha kishilew bolıp, tóbesi qamıs bastırılıp, aǵashlar tirep turǵan, olarda ruwlıq qáwim jasaǵan?

**A) Qumbız tóbe B) Qabat-7 C) Esen-3 D) Janbas-4**

4. Kelteminar qáwimleri kimlerden ibarat bolǵan?

**1. Balıqshılar 2. Ańshılar 3. Diyqanlar 4. Sharwalar**

A) 1,3. B) 1,2. C) 3,4. D) 2,4.

5. Shılpıq qansha bálentliktegi tóbeshikte jaylasqan?

**A) 35 metr B) 28 metr C) 21 metr D) 44 metr**

## *№2. Ó z  b e t i n s h e  j u m ı s*

## *Tema: QARAQALPAQ XALQİNIŃ FOLKLORLİQ HÁM ETNOGRAFIYALİQ MIYRASLARİ*

*1-tapsırma:* **Qaraqalpaq xalqınıń fol'klorlıq miyrasları**

*Orınlanıwı:*

➢ Talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda qaraqalpaq xalqınıń fol'klorlıq miyrasları hám olardıń túrleri haqqında maǵlıwmatqa iye bolıwı kerek;

❖ Salt-dastúr qosıqları;

❖ Muń-sher qosıqları (Háwjar, sıńsıw xoshlasıw, esittiriw, joqlaw);

❖ Toy qosıqları (toy baslaw, bet ashar sálemi, jańa dáwirge sáykes bet ashar);

❖ Aytıslar (juwap aytıs, sheshenler aytısı, shayırlar aytısı);

❖ Balalar qosıqları (besik jırları, balaǵa at qoyıw, álipbe bayramı);

❖ Dástanlar;

❖ Aytım yaki aytımal

➢ Qaraqalpaq xalqınıń folklorlıq miyrasları (besik jırı» (háyyiw), «Betashar» yamasa «Háwjar» qosıqların disklerde jazıp alıw) hám olardıń túrleri haqqında maǵlıwmatqa iye bolǵannan soń olardı jıynaw.

*Mısalı:*

Á- degenim "Álipbe"
Ishi tolı háripke
B- degenim Bazar
Qátesiz etip jazar

**(Álipbe bayramı qosıǵı)**

***Yamasa***

Óz ákemniń esigi, jupar esik hawjar
Kirsem-shıqsam shashımnan, sıypar esik háwjar
Qáyın atamnıń esigi, sheńgel esik háwjar
Kirsem, shıqsam shashımdı, jular esik háwjar

**(Háwjar qosiǵınan)**

*2-tapsırma:* **Qaraqalpaq xalqınıń etnografiyalıq miyrasları**

*Orınlanıwı:* Qaraqalpaq xalqınıń etnografiyalıq miyrasları:

❖ Nawrız bayramı: súmelek qaynatiw, góje pisiriw;

❖ xalqımız toy-merekeleri: kelin túsiriw, bet ashar, kelin sálemi, súnnet qılıw, at qoyıw;

❖ Sáwkele - etngrafiyalıq miyras: qaraqalpaq hám qazaq qızlarınıń toy saltanatında kiyetuǵın, ájelerden qalǵan biybaha miyras bolıp tabıladı. Demek, bul miyrasimızdıń tek muzey eksponatı bolıp qalmastan xalqımız turmısında keń qollanılıwı ushın bul haqqında talabalarimizdiń kóz-qarasları hám usınısların tıńlaw.

### 2.1. Oqıw tapsırma. PSMU texnologiyasınan paydalaniń:




***Temanı orınlawda kerekli úskeneler:***

➢ Dápter, bloknot, qalem, rushka, video kamera, video magnitafon, diktafon, video kasseta yaki disketler.

***Kerekli ádebiyatlar dizimi:***

1. Aytmuratov J. Ǵárezsizlik dáwirinde Qaraqalpaqstan mádeniyatınıń rawajlanıwı. Nókis, 1999.
2. Aytniyazov P. Qaraqalpaqstan respublikası suveren mámleket. Nókis. 1992
3. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis. 1992, 2003.
4. Mambetullaev M., Turebekov M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis. "Qaraqalpaqstan" 2010.
5. Mambetov K. Qaraqalpaqlardın etnografiyalıq tariyxı. Nókis. 1995.

**Ulıwmalastırıwshı sorawlar hám tapsırmalar:**

1. Qaraqalpaq muń-sher qosıqlarınıń turlerin anıqlań hám olarǵa mısallar keltiriń?
2. Sáwkele haqqındaǵı túsinigińiz qanday?
3. Qaraqalpaq dástanları neshe tomnan ibarat hám olardı atap kórsetiń?
4. Xoshlasıw qosıqlari qaraqalpaq xalqı arasında qashannan payda bolǵan?
5. Aytım yamasa aytımal qosıqlarǵa mısallar keltiriń?

## *№3. Óz betinshe jumıs*

## *Tema:* QARAQALPAQLARDİŃ MUQADDES ORİNLARİ.

***1-tapsırma: Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı eń áyyemgi diniy orınlar hám dástúrler.***

***Orınlanıwı:***

➢ Talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda Watanımız aymaǵında payda bolǵan eń áyyemgi diniy orınlardıń áyyemgi tas dáwirinen baslanıwı yaǵnıy alǵashqı diniy túsiniklerdiń payda bolıwı, marhumlardı jerlew dástúrleri, qoyımshılıqlardıń payda bolıwı haqqında materiallar toplaydı;

➢ Qaraqalpaqstandaǵı orta ásir musılman miyrasları:

✓ Meshit;

✓ Medrese;

✓ Namazgah;

✓ Xanako;

✓ Maxbaralar.

➢ Bular haqqında jazba dereklerde berilgen maǵlıwmatlardı jıynaw hám analizlew.

***2-tapsırma: VII-XIV ásirlerdegi Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı teberik qádem jaylar.***

***Orınlanıwı:***

➢ Bul tapsırmanı orınlaǵanda Qaraqalpaqstan aymaǵında VII-XIV ásirlerde payda bolǵan eń muqaddes hám teberik qádem jaylardı anıqlaydı, olardı úyrenedi hám olar haqqinda maǵlıwmat toplaydı;

✓ Sultan Uays Ibn al Garani;

✓ Ábiw Bakir Ash Shibiliy;

✓ Hákim ata;

✓ Sulayman Xadadiy Museviy;

✓ Ibn Musa Ibn Dawd Abu Abdallah Al Narinjaniy;

✓ Seyd Ata;

- Bul berilgen teberik hám muqaddes orınlar haqqında jazılǵan maqalalar, tezisler, ápsanalar, gazeta-jurnal betlerindegi materiallardı toplaw, olardı úyreniw hám analizler islep ilimiy juwmaqlar shıǵarıw.
- Hár bir talaba óziniń tuwılıp ósken awılı, rayonı hám qalası mısalında sol aymaqlarda jaylasqan muqaddes orınlar: meshit, medrese, namazgah, xanako, maxbara hám de áwliyeler haqqında biliwi, olardı dizimge alıwı hám olardaǵı ullı insanlar, ulamalar tuwralı maǵlıwmatlar toplawı usınıs etiledi.

***Temanı orınlawda kerekli úskeneler:***

- Qaraqalpaqstannıń áyyemgi hám orta ásirlerdegi kartası, kontur kartalar, foto al`bom, súwretler A-4 formatlı qaǵazlar, reńli qaǵazlar.

**Jumist i ń mazmun i:**

**Qaraqalpaqstan aymagındaǵı eń áyyemgi diniy orınlar hám dástúrler.** Áyyemgi tas (paleolit) dáwirinen baslap adamlarda hár qıylı diniy túsinikler payda boladı, taw taslarǵa kórgen haywanlarınıń súwretlerin salıwǵa bıyimlesedi. Usı jaǵdaylarǵa baylanıslı kórkem obrazlı etip súwretlew hám kórkem óner payda boladı. Marhumlardı jerlewdiń kútá ápiwayı túri - óliktiń ózin jerlew dástúri ádewir erterekte payda bolǵan. Orta tas ásirine tiyisli bunday dástúrlerdi Franciyanıń Muste, Qırımnıń Kiyik Koba, Ózbekstannıń Gissar taw dizbeklerinen, Tesik tash úńgirinen kóriwge boladı.

Neolit dáwirine tiyisli estelik dep Qaraqalpaqstannıń Qońırat rayonı aymaǵınan tabılǵan Qasqa jol qoyımshılıǵın aytıwǵa boladı. Bronza dáwirinde payda bolǵan úlkemizdiń qubla tárepindegi eski Aqsha dár`ya boyın jaǵalap jasaǵan qáwimlerdiń qoyımshılıq esteliklerin úyrengende olardan marhum menen birge qural jaraqlardıń qosa kómilgenligin kóremiz. Biybaha derek, Zardushtiylik dininiń muqaddes kitabı «Avesto» da Orta Aziya xalıqlarınıń dini hám diniy isenimleri haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Onda jaqsılıq qudayı Axura-Mazda, jamanlıq qudayı Axriman haqqında hám olarǵa baylanisli jaqsılıq, jamanlıq ortasındaǵı máńgi gúresler tuwralı aytılıda.

«Avesto» da húrmetli qudaylar qatarında kún hám jaqtılıq qudayı Mitra, suw, ónimdarlıq qudayı Ardvisura Anaxitalar tilge alınadı. Zardushtiylik dástúrine tán

ayrıqsha nárse - óli jerlew dástúri. Ólilerdiń etin súyeginen tazalaw ushın olardı arnawlı daxmalarda jayǵastırǵan. Bul jerde óliler qarǵa-quzǵınlar tárepinen etinen tazalanǵan soń adam súyekleri arnawlı islengen ıdıslarǵa (ossuariylerge) salınǵan. Mine usınday orınlardıń biri Xojeli rayonındaǵı Mizdakxan kompleksinde jaylasqan.

**Meshit-medreseler*:*** Qubla Aralboylarında júrgizilgen arxeologiyalıq izertlewler bul muqaddes jerde áyyem zamanlardan baslap ilim, bilimlendiriw, mádeniyat, kórkem óner hám ádebiyattıń kúshli rawajlanǵanlıǵın kórsetedi. Ústúrt keńisliginde jaylasqan Aybúyir qaladan tabılǵan b.e.sh. V ásirge tiyisli jazıwlar jergilikli xalıqtıń bunnan 2500 jıl burın jazıw-sızıwdı bilgenliginen derek beredi.

Qoy qırılǵan qaladan tabılǵan astralubiya b.e.sh. IV-III ásirlerde aspan keńisligindegi qubılıslardı baqlaǵan astronomlar ilimiy jumıslar alıp barǵan orayı bolǵan. IX-X ásirlerde Buxarada Samaniyler maxbarası, Max meshiti, Termezde Char-Sutun meshiti, Samarqandta Arab ata maxbarası menen bir neshe musılman binaları salındı. Jergilikli xalıqtı musulmanshılıqqa tartıw ushın arab siyasatshıları dáslepki waqıtları juma kúni meshitke kelip namaz oqıǵan puqaralarǵa eki teńgeden berip turǵan. Meshitlerdiń payda bolıwı, rawajlanıw jolları birneshe basqıshlardan ibarat. Birinshi meshit 622-jılı Muhammed payǵambar basshılıǵında Mádinada salınǵan. Bul imarat keyin birneshe máretebe qayta salınıp búgingi kúnde Masjidi al` Nabiy (Payǵambar meshiti) degen at penen belgili. IX ásirlerden baslap meshitler atqaratuǵın xızmetine qaray bóline baslaydı:

- Jámi yamasa namaz meshiti;
- Qurban hám Ramazan haytlar meshiti;
- Namazgax meshiti;
- Ishki yamasa máhálle meshiti.

***Xanako:*** Oraylıq Aziyada sufizmniń qáliplesip rawajlanıwı menen baylanıslı tiklengen qurılıslarǵa xanakolar jatadı. Olardı xalıq arasında «qalenderxana» dep te ataydı. Xanakolar tiykarınan el arasında jaylasqan eń belgili áwliyelerdegi úlken ulamalardıń qabirlerine yamasa qádem jaylarǵa jaqın jerlerge qurılǵan. Bunday xanakolar Xojelidegi Mizdakxan hám Nazlımxan sulıw kompleksinde belgili.

### *I. Kerekli ádebiyatlar dizimi:*

1. Aytniyazov P. Qaraqalpaqstan respublikası suveren mámleket. Nókis. 1992
2. Dospanov O. Jampıqqala- orta ásirler esteligi. Nókis. 1992.
3. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis. "Qaraqalpaqstan" 1992, 2003
4. Mambetullaev M., Turebekov M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis. 2010.
5. Mambetullaev M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis. 2002.
6. Xojaniyazov Ǵ., Yusupov O. Qaqaralpaqstandaǵı muxaddes orınlar. Nókis. 1994.

### I. Oqıw tapsırma




### II. Oqıw tapsırma "Qanday" organayzerini tóltırıń

**Mashqalanıń sheshimin tabıwǵa járdem beredi ha'm "Qanday" sawalı arqalı mashqalaǵa sheshim tabıladı.**




***Ulıwmalastırıwshı maǵlıwmatlar alıw ushın sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Sultan Ways Ibn al Garanidiń tariyxımızdaǵı ornı qanday?
2. XIII ásirlerde jasap ótken Hákim ata haqqında qanday ápsanalar bilesiz?
3. Qaraqum iyshan meshiti qay jerde ornalasqan?

## *№ 4. Óz betinshe jumıs*

## *Tema: QARAQALPAQ QALALARİ HÁM BAZARLARİ*

*1-tapsırma:* **Qaraqalpaqstan hám Xorezm jerlerinde qala mádeniyatınıń payda bólıwı. Eń birinishi payda bolǵan qalalar**

*Orınlanıwı:* Talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda Qaraqalpaqstan hám Xorezm jerlerinde qala mádeniyatı payda bolıwınıń tariyxıy jaǵdayların uyreniwi menen birge olardıń jámiyetlik, ekonomikalıq hám mádeniy turmısı menen tanısıwı kerek:

| | |
|---|---|
| Aybúyir qala | Janbas qala |
| Ayaz qala | Toq qala |
| Burli qala | Topıraq qala |
| Bazar qala | Qıyat qala |
| Búrkit qala | Qoy qırılǵan qala |
| Gúldirsin qala | Qırqqız qala |
| Gáwir qala | Shılpıq qala |

➢ Bul atı kórsetilgen Amiwdár'ya alabındaǵı eski qalalar haqqında ápsanalar, legendalar, tariyxıy gúrrińler jazıp alıw.

*2-tapsırma:* **Qaraqalpaqstan jerlerinde bazarlardıń payda bolıwi hám olardıń tariyxıy áhmiyeti**

*Orınlanıwı:* Qaraqalpaqstan jerlerinde bazarlardıń payda bolıwınıń tariyxıy shárt-sharayatları. Eń birinshi payda bolǵan bazarlar. Bazarlardıń túrleri hám olardıń tariyxıy áhmiyeti haqqında materiallar toplaw, olardı analizlew.

### *Temanı orınlawda kerekli úskeneler:*

➢ Qaraqalpaqstan hám Xorezm aymaqlarınıń erte hám orta asirlerdegi kartası, kontur kartalar, tarqatpa materiallar, "Qaraqalpaqstandaǵı muqaddes orınlar" seriyasındaǵı súwretler, Qaraqalpaqstan tariyxı boyınsha túsirilgen SD ler, video filimler, A-4 formatlı qaǵazlar, reńli qaǵazlar, klasterler

## JUMİSTİŃ MAZMUNİ

**Qala urbanizaciyası.** Xorezm óz mámleketın qayta tiklegennen soń b.e.sh. IV-II ásirlerde qalalardıń sanı kóbeydi. Qalalar, siyasiy, basqarıw, mádeniy, diniy, ilim hám sawda oraylarına aylanadı. B.e.sh. IV-II ásirlerge tiyisli qalalarǵa: Bazar qala, Qıyat, Gúldirsin qala, Janbas qala, Qırıqqız, Qazaqlı jatqan (Aqshaxan) hám Gáwir qalalar kiredi. Ámiwdár`yanıń oń tárepinde: Kat, Yshan qala, Ardxushmisan, Xazarasp hám t.b. ushırasadı. Bir topar qalalar Ámiwdár`yanı jaǵalap ótetuǵın kárwan jollardıń boyında qurıladı. Olarǵa Topıraq qala, Jigerbent, Kaparas, Xazarasp x.t.b. kiredi. Qalalardıń bir bólegi, eldiń diyqanshılıq oazisleri menen sahra kóshpeli sharwalar aralasıp jasaytuǵın jerlerine hám mámleket shegaralarına salınadı. Bunday el shegarasındaǵı qorǵan qalalarǵa: Ayaz qala, Sultan Wayss taw dizbegindegi Gáwir qala, Qorǵasın qala, Kishi Qırq qız, Ámiwdár`yanıń shep tárepinde Xazarasp, Xiywa janındaǵı Topıraq qala, Aybúyir, Dáwkesken hám Bótentaw kiredi.

B.e.sh. IV-II ásirlerde Qaraqalpaqstan hám Xorezm wálayatında jasaǵan xalıqlar ekonomikasınıń tiykarı awıl xojalıǵı, ónermentshilik hám sawda bolgan. Diyqanshılıq eginleri suwǵarılıp egilgen. Ámiwdár`yadan saǵa alıp Janbas qala, Bazar qala tárepke aqqan Qırq qız hám Jeke Parson kanalları Janbas qala hám Bazar qala diyqanshılıq orayların suw menen támiyinlegen. Gáwhara kanalı Gúldirsin, Qıyat qala dógeregin suw menen támiyinlep Topıraq qala hám Qazaqlı jatqan dógeregindegi elatlar Tashqırman kanalı arqalı suw ishken.

Gúzeli qır esteliginen tabılgan súyeklerdiń 52 % in jılqınıń hám túyeniń súyekleri quraydı. Janbas qaladan, úlken Aybúyir qaladan, Xiywadan tabılǵan súyeklerdiń 25-30 % iri shaqlı qara mallardıń súyegi bolıp esaplanadı. Demek, b.e.sh. IV-II ásirlerde mal sharwashılıqtıń tiykarǵı tarawları, iri qara mallar, jılqı, túye hám qoy-eshkilerdi asırawshılıq boladı. Qalalarda ónermentshilik jaqsı rawajlanǵan. Gúzeli qır, Qoy qırılǵan, Kaparas qalalardıń mádeniy qatlamlarınan tabılǵan metall óndirisiniń qaldıqları hám temir sınıqları temirshilik ustaxananıń bolǵanın dálilleydi. Temirden miynet

quralları (ketpen, balta, oraq, pıshaq) hám qural jaraqlardan: qılısh, qanjar, oq jay ushları, sawıtlar, atlardıń suwlıǵın, záńgi hám t.b. islegen.

Gúlalshılıq ónermentshiliginde ılaydan qumbız pechlerde tayarlaǵan xojalıq buyımları (xum, gúze, bakal), háykeller, músinler óziniń sıpatlılıǵı, sulıwlıǵı hám naǵısı menen ózine tartadı. Gúlal ónermentshilerdiń jayları, qumbız pechleri Janbas qala, Xazarasp, Qoy-qırılǵan qala, Bazar qala dógereginen tabılıp izertlendi. Ámiwdár`yanıń shep tárepinde Xazarasptan 17 km shıǵısta, dár`ya boyında Qumbıztepe atı menen belgili maydanı 52 ga gúlal ónermentshilerdiń orayı bolǵan.

B.e.sh. IV-II ásirlerde Qaraqalpaqstan, Xorezmde qalalar hám arxitekturalıq qurılıslar ósedi. Máselen, Qoy qırılǵan qala xram - observatoriyası kórinisi sol dáwirdegi arxitektor –usta ónermentlerdiń ayrıqsha sheberligin kórsetedi. Onıń oraylıq dóńgelek plandaǵı eki qabatlı diywal qurılısı hám 9 minarası, qalanıń dárwaza aldındaǵı arnawlı jay-qurılısları júdá sheberlik penen salınǵan. Bul qalanıń arnawlı ójirelerinde ruwxaniyler, xızmetkerler, áskerler, quslar jasaǵan hám azıq-awqatlar saqlanǵan. Qoy qırılǵan qala S.P.Tolstovtıń pikirinshe elde patsha, ataqlı adamlar ólgende olardıń denesin ótqa jaǵıp jerleytuǵın hám astronomiyalıq baqlawlar júrgizetuǵın orın bolǵan.

### *Kerekli ádebiyatlar dizimi:*


1. Dospanov O. Jampıqqala- orta ásirler esteligi. Nókis. “Qaraqalpaqstan” 1992.
2. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis. “Qaraqalpaqstan” 1992.
3. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis. “Qaraqalpaqstan” 2003.
4. Mambetullaev M., Turebekov M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis. Qaraqalpaqstan. 2010.
5. Mambetov K. Qaraqalpaqlar tariyxı. Nókis. “Qaraqalpaqstan” 1996
6. Mambetullaev M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis. 2002, 2003


### Ulıwmalastırıwshı sorawlar hám tapsırmalar:

1. Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı erte qalalardıń payda bolıwı haqqındaǵı pikirlerińiz?
2. “Avesto” kitabı ondagı maǵlıwmatlar hám qaraqalpaq mifleri?
3. Qaraqalpaqstan aymaǵında qadimgi qalalardıń payda bolıwı hám onda sıyınıw orınları olardı úyreniw tariyxı?
4. Qubla Aralboyı xalıqları hám elatlarında qádimgi dawirdegi Xorezm, Indiya, Iran, Sak mádeniyatı, sawda baylanısları, kórkem óneri, dini, úrp-ádetleri, dastúrlerin anıqlań hám analizleń.

<u>**Tema boyınsha qosımsha materiallar.**</u>

**TOPIRAQ QALA**



**SHILPIQ ESTELIGI**



**GÚLDIRSIN QALA**



**Bilimińdi sına**

1. Qoy qırılǵan qala kimniń pikirinshe elde patsha-ataqlı adamlar ólgende olardıń denesin ótqa jaǵıp jerleytuǵın hám astronomiyalıq baqlawlar júrgizetuǵın orın bolǵan. Bul pikir kimge tiyisli?

A) S.P.Tolstov
V) M.Mambetullaev
S) O.Yusupov
D) Ya. Ǵulyamov

2. Qoy qırılǵan qalas xram - observatoriyasında músinlerdi soǵıw qaysı ásirlerden baslanadı?

A) b.e.sh. IV ásirlerden
V) eramızdıń V ásirinen
S) eramızdıń III ásirinen
D) b.e.sh. I ásirlerden

3. Ilimpazlardıń pikirinshe Qaraqalpaqstan hám Xorezm wálayatında aramey háripleri tiykarında dáslepki jazıw b.e.sh. neshinshi ásirlerde payda bolǵan?

A) b.e.sh. IV ásirlerde
V) eramızdıń V ásirinde
S) eramızdıń III ásirinde
D) b.e.sh. I ásirde

4. B.e.sh. II ásirde Burlı qala esteliginen ne tabılǵan?
A) túyeniń jaq súyegine qara tush` penen adam atları jazılǵan estelik tabılǵan
V) belgisiz jazıw
S) qara mal terisine jazılǵan jazıwlar tabılǵan
D) gúlal ıdıslar tabılǵan

5. B.e.sh. III-II ásirlerde Aralboyları túrklerinde qanday ózgerisler júz bergen?

A) migraciyaǵa ushırap aralasıwı kúsheyedi.
V) suw tasqınına ushıraydı
S) kesellik sebepli qırılıp qaladı
D) Aralboylarında bul dáwirlerde túrkeler ushıraspaydı

6. Xorezmde Qıyat, Xazarasp hám Úrgenish boldı dep jazǵan tariyxshı kim edi?
A) at-Tabariy
V) B.Bartol`d
S) S.Tolstov
D) L.Tolstova

## *№5. Óz betinshe jumıs*

## *Tema: ALTİN ORDA DÁWIRINDEGI QUBLA ARALBOYİ MÁDENIYATİ*

*1-tapsırma:* **Temur hám Temuriyler dáwirinde Altın Orda xanlıqları hám olardıń social-ekonomikalıq, madeniy turmısı**

***Orınlańıwı:***

- talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda XIV ásirdiń ortalarında Altın Ordanıń siyasiy ústemligi, onıń hálsirewiniń sebepleri hám aqıbetlerine toqtalıp ótedi;
- ádebiyatlarǵa sholıw berip maǵlıwmat toplaydı jáne de olardı analizleydi;
- Altın Orda dáwirindegi Qubla Aral boyı xalıqlarınıń tábiyiy-geografiyalıq jaǵdayın úyreniw hám  olardıń ornalasıwınıń kartasın tayarlaw kerek;

*2-tapsırma:* **Altın Orda dáwirindegi Qubla Aralboyı xalıqları mádeniyatı**

***Orınlanıwı:***

- Xorezmniń áhmiyetli xalıqaralıq sawda jollarınıń dárbentinde jaylasıwı;
- Qubla Aralboyları shıǵıs Evropa xalıqları menen baylanıstıratuǵın, Ústúrt arqalı ótetuǵın joldıń hár birinde qudıq yamasa suw saqlaǵıshlar bar kárwan saraylarınıń salınıwı;
- Sol dáwirdegi xalıqlardıń mádeniyatında Xorezmniń tutqan ornı haqqında A.Yu.Yakupovskiydiń miynetlerinde jazılǵanlıǵı;
- Altın Orda xanları dáwirindegi teńgelerdiń shıǵarılıwı;
- Temur hám Temuriyler dáwirindegi Qubla Aral boyı qalaları Qıyat, Mizdakxan, Xiywanıń mádeniy hám sawda orayı bolıp xızmet etiwi.
- Demek talaba berilgen kórsetpelerdi qamtıǵan halda tapsırmanı orınlawı kerek.

***Temanı orınlawda kerekli úskeneler:***

- Ámir Temur hám Temuriyler dawiri, Altın Orda dawirindegi Qubla Aralboyınıń kartası, kontur kartalar, klasterler, foto al`bom, súwretler, A-4 formatlı qaǵazlar, reńli qaǵazlar, tekst lekciya, tarqatpa materiallar.

## JUMISTIŃ MAZMUNI

**Temur hám Temuriyler dáwiri.** XIV ásirdiń ortalarında Altın Ordanıń siyasiy ústemliginiń hálsirey baslaǵanınan paydalanıp Gurgandj hákimi Qutlıq Temur óz aldına ǵárezsiz bolıwǵa ashıqtan-ashıq háreket etedi. 1357-jılı Altın Orda xanı Jánibektiń óltiriliwi menen 1380-jılǵa shekem siyasiy turaqsızlıq hám 25 xannıń ózgeriliwi mámlekettiń hálsirewine alıp keldi. Nátiyjede dáslep Xorezm, soń Astraxan Ordadan bólinip shıǵadı. Altın Orda hám Shaǵatay ulıslarınıń siyasiy jaqtan turaqsızlıǵınan paydalanǵan túrkiy qońırat ruwınan shıqqan Xuseyn suwpı basshılıǵındaǵı qubla hám arqa wálayatlar birlestirilip Xorezm patshalıǵı dúziledi.

1371-jılı jazda Ámir Temur áskerleri Qıyat qalasın Xuseyn suwpı nókerlerinen azat etedi. 1372-jılı 5-yanvar`da Xuseyn suwpı Úrgenish qamalında qaytıs bolǵannan soń onıń ornına Xorezm hákimi bolıp Yusuf suwpı otıradı.

1378-1379-jılları Ámir Temur arqa Xorezmniń bas qalası Úrgenishke áskeriy júris jasaydı. Paytaxtqa jaqın jerdegi sawashta Yusup suwpı jeńiledi. Temur láshkerleri Úrgenishti úsh ay dawamında qamal etedi. Qamal waqtında siyasiy biylik ushın Qońırat suwpıları arasında ózara tartıslar kelip shıǵadı. Bunda Yusup suwpı hám May suwpı eki tárep boladı. Biraq Yusup suwpı mezgilsiz qaytıs boladı. Úrgenishtiń dárwazası Temurdi qollaǵan Xoja Alaqbiy tárepinen ashıldı. Qala alınǵannan soń Temur óziniń tuwılǵan jeri Shaxrisabzde saray saldırıw ushın Qubla Aralboylarınan usta-ónermentlerdi, súwretshilerdi, arxitektorlardı hám ulama-alımlardı alıp eline qaytadı. Ámiw boyı topıraǵında kamalǵa kelgen sheber ustalardıń ullı Sárkardaǵa baǵıshlap 1380- jılı qurılǵan dúńyaǵa dańqı jetken Aq sarayı házirge shekem adamlardıń aqılın hayran qaldırıp kelmekte. 1383-jılı Gurganish hákimi Súlayman suwpı Altın Orda xanlarınıń siyasiy ústemligin moyınlap hám Toxtamıs xan atı menen teńgeler shıǵaradı. Arqa Xorezm Altın Ordanıń Temurge qarsı gúres alıp baratuǵın orayına aylanadı.

1387-jılı qısta Toxtamıs Úrgenish hákimi Súlayman suwpınıń járdemi menen Temurdiń Maveraunnaxrda joqlıǵınan paydalanıp Buxara hám Samarqand átirapındaǵı elatlardı talaydı. Suwǵarıw tarawların buzadı. Persiyada atlanısta júrip bul sumlıq

xabardı esitken Temur hám 1388-jılı fevral`da asıǵıs túrde Samarqandqa qaytadı. Usı jılı Temur Xorezmge sońǵı (besinshi) ret atlanıs jasaydı. Solay etip, uzaq jıllar dawamında Temur dúzgen Maveraunnaxr mámleketinen ǵárezsiz jasawǵa háreket etken qońırat suwpılarınıń dinastiyası tarqatıladı. Temur Xorezm hám qaraqalpaq jerlerin mámleketine qosıp hám Xorezmge hákim etip Musakanı tayarlaydı. Ol 1391-jılı Temurdın pármanı menen Úrgenishtiń buzılǵan oraylıq bólimin qayta tikleydi.

Ámir Temur 1395-jılı Altın Ordaǵa áskeriy atlanıs jasap onıń Edil (Volga) dár`yası del`tasındaǵı paytaxtı Sarayı-berkeni basıp aladı. Soń Indiyaǵa hám Kishi Aziyaǵa júrisler jasaydı. Temur ólgennen keyin Xorezm bir qansha waqıt Temuriyler qaramaǵında boladı. 1406-jılı Altın Ordanıń ómiri mańǵıt ruwınan shıqqan Edige Qubla Aral boyların óz mámleketiniń quramına qosıp aladı. 1413-jılı Xorezm qaytadan Uluǵbektiń isenimli adamı Shaxmaliktiń basqarıwında hám Temuriylerdiń qarawına ótedi. Temur hám Temuriyler waqtında Qubla Aral boyı qalaları Qıyat, Mizdakxan, Xiywa burınǵıday mádeniy hám sawda oray bolıp qaladı. XIV ásirdiń aqırında Altın Ordanıń hám basqa da monǵol ulıslarınıń qulaw dáwirinde Aralboyı sahralarında jańadan kóshpeli qáwimlerdiń iri siyasiy birlespeleri payda boladı.

### ***Kerekli ádebiyatlar dizimi:***


1. Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám mámleketshiligi tariyxınan. Nókis, 2001.
2. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis, 1992., 2003.
3. Qdırniyazov.M-Sh. Qdırniyazov.M-Sh. Material`noe kul`tura gorodov Xorezma v XIII-XIV vekax, Nukus, 1989.
4. Mambetullaev M., Turebekov M. Qubla Aral boyı xalıqları tariyxınan. T., 1-3. Nókis. 1997-1998.
5. Mámbetov.K Qaraqalpaqlar tariyxı.Nókis. 1993.


### ***Ulıwmalastırıwshı maǵlıwmatlar alıw ushın sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Ámir Temur shaxsın táriplep beriń?
2. Ámir Temur qanday jaǵdayda siyasiy gúres maydanına kirip keldi?
3. Yu.Yakupovskiydiń miynetlerinde Altın Orda xanlıqları haqqında qanday maǵlıwmatlar berilgen?
4. Qaysı Altın Orda xanları dáwirinde teńgeler shıǵarılǵan?
5. Qıyat, Mizdakxan, Xiywa qaysı mámlekettiń sawda orayı bolıp xızmet etken?

## I. Oqıw tapsırma:  Isshi dápterin toltiriń




**Ámir Temur dawiri kartası**

**Ámir Temur hám Temuriyler dáwirinde Qubla Aralboyı qalaları haqqinda qanday maǵliwmatqa iyesiz?**

________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________

## II. Oqıw tapsırma “QANDAY” TEXNOLOGİYaSI

**“Qanday?” sxemasin toltırıń.**

**Temur Tuzikleri qanday shıg`arma?**

Amir Temurdıń «Temur Tuzikleri» shıg`armasında qanday mag’liwmatlar berilgen?

qanday?

**Ma’mleket basqariw printsipleri**

qanday?

qanday?

qanday?

**Apmiyani du’ziw**

qanday?

**III- Oqıw tapsırma:**
**Ámir Temur dáwirinde payda etilgen tariyxıy- mádeniy qurılıslar, baǵlar haqqında maǵlıwmat beriń:**

| SAMARQANDTA | QERATTA | TASHKENTTE |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

**IV- Oqıw tapsırma:**
**Ámir Temur hám onıń iskerligi haqqında jazılǵan shıǵarmalar:**

| Alımlar (avtorı) | Shıǵarma atı hám qısqasha mazmunı |
|---|---|
| Mıs: ispan sayaxatshısı Klavixo de Gonsales | ................... |
| | |
| | |
| | |

***№6. Óz betinshe jumıs***

*Tema:* **QARAQALPAQLAR JERLERI - XVI-XIX ÁSIRLERDE**

**1-tapsırma: Qaraqalpaqstannıń XVI-XVIII ásirlerdegi jámiyetlik, siyasiy-ikonomikaliq hám mádeniy turmısı.**

***Orınlanıwı:***

- talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda XVI-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaqlardıń jasaǵan aymaqları haqqında maǵlıwmat toplaw hám onıń kartasın tayarlaw kerek;
- XVI-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaq xalqınıń turmıs tárizi, tirishilik túri, xojalıǵı, diniy isenimlerin anıqlaw hám olar haqqında maǵlıwmatlar toplaw kerek;
- XVI-XIX ásirlerdegi xanlıqlardın zulımlıqlarına qarsı azatlıq gúresleri.

***Temanı orınlawda kerekli úskeneler:***

- Qaraqalpaqstannıń XVI-XVIII ásirlerdegi kartası, kontur kartalar, klassterler, foto al`bom, súwretler, A-4 formatlı qaǵazlar, reńli qaǵazlar, tarqatpa materiallar.

## JUMISTIŃ MAZMUNI:

**Qaraqalpaqstandaǵı XVI-XVIII ásirde siyasiy jaǵdaylar.** XIV ásir aqırı XV ásir basında Altın Orda xanlıǵı qulaǵan soń onıń ornında bir neshe mayda mámleketler payda boladı. 1391- jılı Ámir Temur Altın Orda xanın urısta jeńgennen keyin Evraziya keńisliginde hám Edigeniń basshılıǵında Noǵay xanlıǵı dúziledi. Noǵay xanlıǵına Volga (Edil) Kama dár`ya aralıǵı, Oral (Jayıq) boyları, Oral taw etekleri hám Xorezm oazisine shekemgi jerler qaraydı. XIV ásir aqırınan XVI ásirdiń ekinshi yarımına shekem qaraqalpaqlar Noǵay xanlıǵınıń quramında boladı hám xanlıqtıń siyasiy islerine qatnasıp óz hákimliklerine iye bolǵan.

Qaraqalpaqlar XVI ásirdiń ekinshi yarımınan baslap qazaqlardıń Kishi júz hám Orta júziniń xanlarına siyasiy jaqtan ǵárezli bolǵan. Olarǵa salıq tólep turǵan.

XVII ásirde qaraqalpaqlar Xorezm oazisine kelgen kóshpeli ózbekler menen aralasıp birge Xiywa xanlıǵınıń arqa jaǵında Aral mámleketin dúzedi. Onıń orayı dáslep Qońırat qalası bolǵan. Onnan soń Shımbay (Shaxtemir) qalası boladı. Aral boyı qaraqalpaqları hám Arallı ózbekler XIX ásirdiń baslarına deyin ózleri ózlerin basqarıp Xiywa xanlarınan ǵárezsiz jasaydı.

XVII ásirden XVIII ásirdiń ortasına deyin qaraqalpaqlar Sırdár`yanıń orta hám tómengi aǵısına tiyisli jerlerdi jaylaǵan. Olar Kishi júz qazaqları menen jaqın qońsı bolıp turǵan hám ekonomikalıq, siyasiy jaqtan olardıń xanlarınan ǵárezli bolǵan. Qaraqalpaqlar qazaq xanlarına jılda dánley salıq tólep turıwǵa, atlı ásker jıynap beriwge hám ózleriniń jerinen ótetuǵın kárwanlardan bajı pul jıynap berip turıwǵa májbúr bolǵan. Jonǵarlardıń 1723-jılǵı topılısı qazaq hám qaraqalpaqlardıń ekonomikalıq hám siyasiy jaǵdayına jaman tásirin tiygizedi. Sonıń menen birge ol qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdiń basında payda bolıp kiyatırǵan milliy birigiwshilikke umtılıwın bosańlastırıp jiberdi. Qońırat, Xojeli, Shımbay, Shoraxan bazarlari sawda jaǵınan úlken áhmiyetke iye boldı. Qaraqalpaqstan arqalı Sırdár`ya boylarına, batısqa hám Ústúrt arqalı Volga boylarına kárwanlar júrip turdı. Bazarlarda háptesine eki mártebe sawda júrgizilip

turıldı. Bazardıń xalıq ushın ekonomikalıq jaqtan tısqarı mádeniy jaqtan da áhmiyeti úlken boldı.

XIX ásirde xalıqta tiykarınan qaraqalpaqlar menen qazaqlar, ózbekler, túrkmenler jasap hám olardıń óz-ara qatnası doslıq sıpatta boldı. Óytkeni olar birinshi gezekte óz-ara ekonomikalıq sawda jaǵınan tıǵız baylanıslı edi. Qoblan, Alpamıs, Gór uǵlı, Axmed Yusip, Ǵarip ashıq, Qız Jipek hám taǵı basqa dástanlar qaraqalpaqlardıń, ózbeklerdiń, qazaqlardıń hám túrkmenler arasında teńdey taralǵan.

**Xiywa xanı zulımlıǵına qarsı azatlıq gúresler:** XIX ásirdiń ekinshi sheregi kóp sanlı urıs hám Xiywa xanlıǵında ishki ala awızlıqtıń kúsheyiwi menen sıpatlanadı. 1850- jılǵa kelip xalıqtıń shıdamı shegine jetedi. 1851- jılı Xiywa xanlıǵında asharshılıq hám awırıwshılıq baslanıp, bir neshe jıl dawam etken. Bunnan tısqarı salıq hám úzliksiz jawgershilik qaraqalpaq xalqın shıdamsız awhalǵa alıp keledi. 1855-jıldıń gúzinde qaraqalpaqlar arasında úlken kóterilis kelip shıǵadı. Kóterilisti Ernazar alakóz basqarıp, qaraqalpaqlar ózlerine xan etip Zarlıq tóreni saylaydı. Ernazar alakózdiń qaraqalpaqlardıń ǵárezsiz xanlıǵın tiklewi óz tárepine barlıq urıwlardı hám biylerdi toplawǵa múmkinshilik berdi. Kóterilisshilerge túrkmenler, qazaqlar hám qońıratlı ózbekler qosıladı. Kóterilistiń maqseti Xiywa eziwshiliginen qutılıw hám feodallıq milliy qaraqalpaq xanlıǵın dúziw boldı. Ol kóterilis Xiywa xanlıǵı ústemligine qarsı hám milliy eziwshilikke qarsı baǵıshlanǵan xalıq azatlıq háreketi bolıp sıpatlanadı. Xiywa xanınıń qoyǵan adamları tárepinen islengen zorlıq-zombılıq hádden tıs salıq, búlginshilik qońıratlılardı shıdamaslıq jaǵdayǵa alıp keldi. Bul 1858-jıldıń gúzinde Qońıratta kóterilistıń kelip shıǵıwına sebep boldı. Onda xannıń qoyǵan hákimi Qutlımurat óltiriledi. Qońıratlılarǵa dár`yanıń shep jaǵasındaǵı qaraqalpaqlar, qazaqlar hám túrkmenler qosıldı. 1858-1859 jılǵı kóterilis tez saplastırılǵanı menen onıń úlken tariyxıy áhmiyeti bar.

## *I. Kerekli ádebiyatlar dizimi:*


1. Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám mámleketshiligi tariyxınan. Nókis, 2001.
2. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis, 1992.
3. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis, 2003.
4. Qdırniyazov.M-Sh. Qdırniyazov.M-Sh. Material`noe kul`tura gorodov Xorezma v XIII-XIV vekax, Nukus, 1989.
5. Mambetullaev M., Turebekov M. Qubla Aral boyı xalıqları tariyxınan. T., 1-3. Nókis. 1997-1998.
6. Mámbetov.K Qaraqalpaqlar tariyxı.Nókis. 1993.
7. Mambetov K. Tariyx tórkinleri. Nókis, 1999.


**I- Oqıw tapsırma: Isshi dapterin toltiriń**

| | |
|---|---|
|   | **Qaraqalpaqlardıń sociallıq-siyasiy hám mádeniy turmısında "Qara úy" diń ahmiyeti?**<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________<br>____________________________ |

**II- Oqıw tapsırma: Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń kiyim-kenshekleri haqqında mağliwmat berin:**






## I-OQIW TAPSI RMA:

*"KLASTER" diagrammasın toltırıń*




***Ulıwmalastırıwshı maǵlıwmatlar alıw ushın sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqstandaǵı 1855-1856 jıllardaǵı kóterilistiń kelip shıǵıwı sebepleri hám onıń aqıbetleri haqqındaǵı pikirlerińiz?

2. Qaraqalpaqstan xalıqlarınıń ǵárezsizligi ushın hám feodallıq eziwshilikke qarsı gúresleri haqqında nelerdi bilesiz?

3. Xiywa xanlıǵındaǵı, oń jaǵa Qaraqalpaqstandaǵı 1916-jılǵı kóterilistıń kelip shıǵıw sebepleri hám onıń aqıbetleri haqqındaǵı kóz qarasıńız qanday?

4. Rossiyanıń sawda qatnasıqlarınıń rawajlanıwın Ámiwdár'yanıń ahmiyeti qanday bolǵan, mısallar keltirip juwap beriń?

5. Xiywa xanlıǵındaǵı salıq túrleri qanday bolǵan?

## *№7. Óz betinshe jumıs*

## *Tema:* QUBLA ARALBOYİ - PATSHA ROSSIYASİ KOLONIYASİ DÁWIRINDE

***1-tapsırma:*** Patsha Rossiyasınıń Xiywa xanlıǵın hám qaraqalpaqlardı jawlap alıwı

***Orınlanıwı:***

- talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda Patsha Rossiyasınıń Orta Aziya jerlerin basıp alıwǵa qızıǵıwshılıǵınıń payda bolıwınıń sebeplerinen baslap úyrenedi hám bunda tómendegilerge dıqqat awdaradi:

✓ "Shıǵıstı iyele" siyasatınıń mazmunı hám ámelge asırılıwı ushın islengen ilajlardı biliw, toplanǵan materiallardı analizlew;

✓ Orta Aziyanıń Rus patshalıǵı tárepinen jawlap alınıwınıń baslanıwı, Angliya narazılıǵın keltirip shıǵarǵan sebeplerin anıqlaydı;

✓ Orta Aziyaǵa jiberilgen áskeriy ekspediciyalar, sayaxatshılar hám diplomatlar;

✓ xanliqlardıń jawlap alınıwı hám Rossiya vassallıǵına aylandırılıwı;

✓ Gendimian shártnaması hám eziwshilik siyasatınıń baslanıwı.

- ***2-tapsırma:*** Patsha Rossiyasınıń koloniyalıq siyasatına qarsı Qaraqalpaqstan jerlerindegi xalıq háreketleriniń kelip shıǵıwı.

***Orınlanıwı:***

- talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda XIX ásir aqırında patsha Rossiyasınıń koloniyalıq siyasatına qarsı Qaraqalpaqstan jerlerindegi xalıq háreketleriniń kelip shıǵıw sebeplerin, aqıbetlerin hám xarakterin úyrenedi hám bunda tómendegilerge dıqqat awdaradı:

✓ Góklen batır qozǵalańı boyınsha maglıwmatlar toplaw hám ol boyınsha slaydlar tayarlaw;

✓ 1899-jılı mart ayındaǵı Shımbay uchastkasındaǵı xalıq qozǵalańı;

✓ XX ásirdiń basında Túrkstan úlkesindegi xalıq háreketleri;

***Temanı orınlawda kerekli úskeneler:***

- XVI-XIX ásirlerdegi Orta Aziyanıń kartası, kontur kartalar, klasterler, foto al`bom, súwretler, A-4 formatlı qaǵazlar, reńli qaǵazlar, leciya teksti, tarqatpa materiallar.

## JUMISTIŃ MAZMUNI:

*Patsha Rossiyasınıń Xiywa xanlıǵın hám qaraqalpaqlardı jawlap alıwı:* Patsha Rossiyası imperiyasında kapitalistlik qatnasıqlardıń saqlanıp kiyatırǵan qaldıqları arasındaǵı keskin qarama-qarsılıqlardı jumsartıw ushın patsha húkimeti jańa jerlerdi basıp alıwǵa sózsiz túrde háreket etiwi tiyis boldı. Orta Aziyanıń Rus patshalıǵı tárepinen jawlap alınıwınıń baslanıwı Angliyanıń narazılıǵın keltirip shıǵardı.

Xiywa xanlıǵın jawlap alıwdıń áskeriy rejeleri Rossiya húkimeti tárepinen 1872-jılı dekabr'de úzil-kesil maqullanıp hám ol patsha tárepinen tastıyıqlandı. Patsha húkimeti Xiywanı basıp alıw ushın óz kúshlerin 1873-jıl fevralda tayarlay baslaydı. Patsha áskerleriniń xalıqqa qarsı atlanısı úsh tárepten shólkemlestirilip, atlanısqa 13 mıń ásker jolǵa shıqtı.

1873-jılı 18-mayda general Kaufman áskerleri Ámiwdár`yadan ótip, Xazarasp qalasın basıp aldı hám Xiywaǵa júredi. Bul waqıtta general Verevkin áskerleri de Qońırat qalasın basıp alǵan edi. Qońırattaǵı Habibniyaz biy, Sayd bay, Tajimurat bay hám basqalardıń rus áskerlerin toqtatıw ushın islengen háreketleri nátiyje bermedi. 29-may kúni patsha áskerleri Xiywaǵa hújim jasaw ushın onıń átirapındaǵı qolaylı orınlardı iyeledi. Usıǵan baylanıslı Seydmuhámmed Raxim II iri hámeldarlar menen oylasıp Eltezer inaqtı Kaufmanǵa jiberip, oǵan xanlıqtıń táslim bolatuǵının hám shártnama dúzetuǵının málim etti. Kaufman sóylesiwler júrgiziw ushın Seydmuhámmed Raxim xandı Xiywaǵa ákeliwdi talap etedi.

Solay etip, patsha Rossiyası áskerleri Xiywa xanlıǵın jawlap aladı. Onıń baslı sebebi Xiywa xanınıń qurallı kúshleri san jaǵınan da hám tájiriybesi jaǵınan da Rossiya

áskerlerine qaraǵanda tómen edi. Onıń ústine Xiywa xanı asıǵıs penen jıynaǵan nókerleriniń urıs alıp barıwǵa tájiriybesi kem edi.

1873-jıl 2-iyunda K.P.Kaufmannıń talabı boyınsha Seydmuhámmed Raxim II shaqırıp alınadı hám qaytadan taxtına otırǵızıladı. 1873-jıldıń 6-iyuninde general K.P.Kaufman menen Xiywa xanı arasında sóylesiw bolıp, xanlıqtı basqarıw boyınsha waqıtsha rejege qol qoyıladı. Administrativlik, finans jumısların basqarıw keńesi quramına Rossiyanıń úsh puxarası hám úsh xiywalı kiredi.

1873-jılı 12-avgustta Xiywa xanı Muhámmed Raxim II menen patsha húkimeti atınan sóylesiwler júrgizgen general Kaufman arasında pitim tastıyıqlanıp, oǵan qol qoyıldı. Ol tariyxta "Gendimian pitimi" dep ataladı. Bul kelisim Xiywanıń hám xanlıqtaǵı barlıq xalıqlardıń ǵárezsizligin joq etken ádil emes pitim boldı.

*Gendimian pitimi:* Kirisiw hám 18 punktten ibarat. Pitimniń punktlerinde tómendegiler bayan etiledi:

- 1-punktinde Xiywa xanlıǵı, patsha Rossiyasınıń yarım koloniyası boldı, al xan ózin «Imperatordıń mámleket xızmetkerleri» dep moyınlaydı. Xan siyasiy huqıqlarınan ayrıldı hám ózinshe sırtqı siyasattı júrgize almaydı;
- 2-3-punktlerinde qaraqalpaqlar ushın oǵada awır, qolaysız hám qayǵılı jaǵdaydı payda etti. Sebebi, xanlıq quramında bir tutas jasap atırǵan qaraqalpaqlardıń jerleri ekige bólip taslandı. Olar endi Xiywa xanına hám patsha Rossiyasınıń ústemligine ǵárezli bolıp qaldı. Rus húkimeti quramına jańadan 76 mıń kv.km. aymaqtaǵı jerler ótti.
- 4-punktinde oń jaǵalıqtaǵı jerlerdiń bir bólimin Buxaraǵa beriwdi de názerde tutqan edi.
- 5-6-punktlerde ruslardıń Xiywa xanlıǵındaǵı sawda, transport hám basqa da máselelerindegi artıqmashlıǵı tastıyıqlandı. Endi ruslar Xiywada erkin hám zakatsız sawda etetuǵın boldı.
- 6-7-punktlerinde Xiywa xanı ruslardıń xanlıqtaǵı qálegen jerinen pristan, dúkan hám basqa da sawda orınların salıp, iyelewine huqıqlı edi.

- 8-9 hám 13-punktleri boyınsha rus sawdagerleri Xiywa arqalı tovar alıp ótkende baj tólewden hám basqa da salıqlardan azat etilip, erkin sawda júrgiziw huqıqına iye boldı. Olar xanlıqtaǵı qálegen qalalarında óz adamların saqlawǵa huqıqlı boldı. Sonday-aq ruslardıń jer, suw transportı, xanlıqta qozǵalmaytuǵın múlk satıp alıw huqıqı berilip hám onnan salıq alıw máselesin Ámiwdár`ya bóliminiń baslıǵı sheshetuǵın boldı. Xiywa hám rus sawdagerleri arasında ózara kelisim de dúzildi.
- 14-15-punktlerde rus hám Xiywa puxaralarınıń arzaların qaraǵanda ruslardıń artıqmashılıq jaǵdayları kórsetildi.
- 16-punktinde xan húkimeti xanlıqqa Rossiyadan hár qıylı sebepler menen qashıp kelgenlerdi qabıl etiwge minnetli boldı. Nızamǵa muwapıq jınayatshı bolıp jasırınıp júrgen rus puxaraların patsha húkimetine tutıp beriwi kerek edi.
- 17- punktinde xanlıqta qulshılıq mángige saplastırılatuǵını tastıyıqlanadı.
- 18-punkti Xiywanı basıp alǵandaǵı patsha Rossiyasınıń shıǵının tólewge arnaldı. Ol 20 million 260 mıń manat edi, onı 20 jıl múddetke tólep qutılıw belgilendi. Sońınan bul múddet jáne on jılǵa sozılıp hám 1901-jıl noyabr`ge shekem tólew múddeti belgilendi.

Solay etip bul ádalatsız pitim boyınsha bir xalıq - qaraqalpaq jeri ekige bólinedi. Xiywa xanlıǵı ishki hám sırtqı siyasat tarawında ǵárezsizliginen ayrıldı. Patsha húkimeti de burıńǵı xanlıqtaǵı kambaǵallardı hesh qashan qollamadı. Qayta burıńǵıdan da qattıraq ekspluataciya hám talaw siyasatın júrgizdi.

*Patsha Rossiyasınıń Qaraqalpaqstandaǵı koloniyalıq siyasatı:* 1873-jılı jazda patsha Rossiyasınıń wákili hám Xiywa xanı Gendimian shártnamasına sáykes Ámiwdár`yanıń oń jaǵı, barlıq xalıqları menen Rossiya qol astına ótip, bul jerde Ámiwdár`ya okrugi dúzildi hám keyin Ámiwdár`ya bólimine aylandı. Ámiwdár`ya bólimi 1886-jılǵa shekem tikkeley hám al 1886-jıldan keyin Sırdár`ya ob'lastı arqalı Túrkstan general gubernatorlıǵına qaradı. Ámiwdár`ya bóliminiń orayı Petro Aleksandrovsk házirgi, Tórtkúl qalası boldı.

Ámiwdár`ya okrugi administrativlik basqarıw jaǵınan úlken territoriyaǵa iye bolıp hám Shımbay bóliminen turdı. 1874-jılı Ámiwdár`ya okrugi Ámiwdár`ya bólimine, al Shımbay hám Shoraxan bólimleri uchastkaǵa aylandırıldı.

1875-jılı Ámiwdár`ya bólimine polkovnik Nosivichtiń basshılıǵında shólkemlestiriw komissiyası jiberiledi. Komissiyanıń aldına qoyǵan wazıypası aldında jerdi, suwdı paydalanıwdı tártiplestiriw, salıq alıw sistemasın belgilew hám basqada máseleler turdı. 1877- jılı qaraqalpaqlardaǵı jer salıǵı burıńǵı 2 manat 75 tiyinnen 5 manatqa jetti. 1875-1876 jılları shólkemlestiriw komissiyasınıń usınısı, qadaǵalawı menen Ámiwdár`ya bólimindegi eki uchastka bolislıqlarǵa hám al bolıslıqlar aqsaqallarǵa bólindi.

Patsha administraciyası koloniyalıq hákimiyattı kúsheytiw, bekkemlew maqsetinde aqsaqal hám basqa da hámeldarlarǵa aylıq pul beretuǵın boldı. Solay etip, patsha húkimeti dár`yanıń oń jaǵalıǵındaǵı Qaraqalpaqstan jerinde koloniyalıq maqsetke muwapıq basqarıw tártibin ornattı. Sonlıqtan da shólkemlestiriw komissiyasınıń 1877-jılǵı jumısı tiykarında Ámiwdár`ya bólimindegi jer dúzilisi haqqında rásmiy reje qabıl etildi. Patsha administraciyası úlkeni tolıq koloniyalastırıw hám xalıq arasında óz tásirin bekkemlew maqsetinde shep jaǵalıqtaǵı diniy meshitlerge tiyisli waqım jerlerdi mámleketlik menshik dep tanıdı.

XIX ásirdiń 80-jıllarınan baslap Qaraqalpaqstanda paxta egiw keń tarala basladı. Buǵan sebep Rossiya toqımashılıq sanaatınıń Orta Aziya paxtasına bolǵan talabınıń ósiwi bolıp esaplanadı. Qaraqalpaqstanda paxta egiletuǵın jerlerdiń 1898 jılǵı 3000 desyatinasın, 1910-jılı 5000 desyatinaǵa ósti.

XX ásirdiń basında tovarlı egin retinde jońıshqa tuqımı úlken orın iyeleydi. Qaraqalpaq jońıshqasınıń tuqımı xalıq aralıq bazarda da eń jaqsı onim biri dep esaplandı.

Rossiya sawda-sanaat kapitalı bul jerde tek awıl xojalıq shiyki zatın hám birinshi gezekte paxtanı dáslepki qayta islewshi kárxanalardı ǵana dúzdi. Birinshi paxta tazalaw zavodı 1880-jılı qurılıp, olardıń sanı 1907-jılı 18 ge jetti. Al 1913-1914-jılları

Ámiwdár`ya bóliminde paxta zavodı, Xiywa xanlıǵınıń qaraqalpaqlar úlkesine qaraslı Qıpshaq, Mańǵıt, Xojeli hám Qońırat bekliklerinde 10 ǵa shamalas paxta zavodları bolǵan. 1878-jıl Ámiwdár`ya bóliminde birinshi bılǵarı zavodı hám 1887-jılı Shımbayda may zavodı iske túsken. Bul kárxanalardıń barlıǵı da mayda hám texnikalıq jaqtan tómen edi.

Milliy koloniyalıq eziwshilik siyasiy, ekonomikalıq huqıqsızlıq Qaraqalpaqstan miynetkeshleriniń sociallıq turmısın tómenletti. Túrkstan general gubernatorı tárepinen dúzilgen shólkemlestiriw komissiyası, 1875-jılı Ámiwdár`ya bólimindegi xalıqlardıń jerlerine ólshew júrgizdi hám úy xojalıqlardıń dizimin aldı. Rus patshalıǵınıń koloniyalıq maqsetin bekkemlew ushın ótkerilgen bunday ilajlar qaraqalpaq diyqanlarınıń narazılıǵın keltirip shıǵardı.

*XIX ásir aqırında patsha Rossiyasınıń koloniyalıq siyasatına qarsı xalıq háreketleri:*

*Góklen batır qozǵalańi.* Xalıq azatlıq háreketleri ishinde Shoraxan uchastkasınıń Sheyx- Abbaz-wáliy bolıslıǵınan shıqqan Baba Góklen Otız ulı basqarǵan diyqanlar kóterilisi ayrıqsha boldı. Xalıq arasında ol Góklen batır dep ataldı. Kóterilis úzil-kesil 10 jılǵa shamalas (1881-1891-jılları) dawam etti. Ol tek Sheyx- Abbaz-wáliy (Shabbaz-wáliy) hám Biybazar bolıslıǵı emes, al Nókis bolıslıǵı hám basqa da jerlerge taraldı. Baba Góklen Otız ulı basqarǵan diyqanlar háreketi, ásirese 1883-1884-1888 hám 1891-jılları kúsheydi. Onıń toparında bulardan basqa Petro-Aleksandrovsk túrmesinen hám Sibir` súrgininen qashıp kelgenler de bolǵan. Baba Goklenniń eń belgili jigitleri Sarı Nepesov, Begim Ishanbetov hám basqalar bolǵan. Geypara maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda bul kóteriliske qatnasqanlar túrkmen, ózbek, qaraqalpaq hám qazaqlardan ibarat bolǵan. Baba Góklen toparı patsha hákimshiliginiń hámeldarları úyine hám mákemelerine qurallı topılıslar jasaǵan.

Patsha hákimshiligi Baba Góklenge qarsı onı bastırıwǵa kóp háreket etti. Olar Qara tawda hám awıl arasında bir neshe áskeriy operaciyalar júrgizdi. Tek 1891-jılı ǵana Baba Góklen uslanıp hám onıń jigitleri menen birge Petro-Aleksandrovskte

azaplap óltirildi. Bul kóterilis, qaraqalpaqlardıń koloniyalıq eziwge qarsı gúres tariyxında áhmiyetli orın tutadı. Patsha húkimetiniń xalıqqa qarsı hár qıylı zorlıq – zombılıqları diyqanlar háreketleriniń tağı da kúsheyiwine alıp keldi.

*1899-jılı mart ayındağı Shımbay uchastkasındaği xalıq qozǵalańı.* Koloniyalıq hákimlerdiń zorlıq-zombılıqlarına qarsı xalıq massasının narazılıǵı, olardıń eń ápiwayı siyasiy huqıqları ushın gúresi patshalıqtıń awıllıq hákimlik aqsaqal hám bolıslıqların saylawda ayrıqsha kózge tústi. Mısalı, 1899-jılı mart ayınıń basındaǵı Shımbay uchastkasındaǵı Tallıq bolıslıǵı xalqınıń qozǵalańı boldı. Usı qozǵalań basshıları retinde baslı ayıplı dep esaplanǵan 19 adamdı qamaqqa aldı hám olar áskerlerdiń baqlawı astında Petro-Aleksandrovsk qamaqxanasına jiberildi. Bul qamaqxanada olar bes aydan aslam waqıt jatadı. Awıllaslarınıń talabı boyınsha olar 1899-jılı 25-sentyabr`de qamawdan bosatılıp hám policiya baqlawı astında awıllarına qaytarıladı. Bul diyqanlar qozǵalańı bastırılsa da, onıń qatnasıwshıları Shımbay uchastkasınıń pristavı Kornilovtı hám basqa da jergilikli hákimlerdi xızmet ornınan bosatıwǵa eristi. Bul qozǵalań xalqımızdıń koloniyallıq dúzimge qarsı gúresinde belgili orın aladı. Sonday-aq, tariyx hám ádebiyatta Baba Góklen qozǵalańı “On toǵız” atı menen belgili.

*XX ásirdiń basında Túrkstan úlkesindegi xalıq háreketleri.* XX ásirdiń basında Rossiyanıń barlıq rayonları hám Túrkstan úlkesinde de patshalıqtıń siyasatına qarsı narazılıqlar kúsheyip ketti. Úlkedegi Tashkent, Samarqandta, basqa qalalarǵa is taslaw háreketiniń ósiwi Qaraqalpaqstanda da sociallıq hám koloniyalıq eziwge qarsı gúrestiń kúsheyiwine tikkeley tásir jasadı. Ámiwdár`ya flotiliyası ustaxanasınıń jumısshıları birinshi bolıp is taslap hám 8 saatlıq jumıs kúnin belgilewdi talap etti. Jergilikli xalıqlardıń, sonıń ishinde qaraqalpaq diyqanlardıń qozǵalańı kúsheydi.

Qońırat bekliginde 1905-jıldıń fevralında jarlı diyqanlardıń qozǵalańı baslanǵan. Qaraqalpaqlardıń 1905-1907-jıllarda patshalıqqa qarsı bolıp ótken qozǵalańlarına barlıq miynet adamları: jumısshılar, diyqanlar, balıqshılar, suw jolı transportı xızmetkerleri Ámiwdár`ya flotiliyası soldatları jáne rus hám ukrain, belorus sıyaqlı basqa da xalıqlardıń wákilleri qatnastı.

Koloniyalıq eziwshiliktiń aqıbeti 1911-1912- jıllarındaǵı ashlıq waqtında ayrıqsha kózge tústi. Bul ayanıshlı jıllar Qaraqalpaqstan tariyxında «Aq qapshıq» atın alǵan. Sebebi, Rossiya qalalarınan ákelinip satılǵan un hám biyday aq qapshıqlarda ákelingen.

Usınday awhallarǵa shıdamaǵan xalıqlardıń koloniyalıq eziwshilikke qarsı gúresi kem-kemnen kúsheyip bardı. 1910-jıldıń ózinde Ámiwdár`ya bólimindegi hákimler 852 ret qurallı járdem shaqırıwǵa májbúr bolǵan.

Álbette, xalıqlardıń koloniyalıq eziwshilikke qarsı azatlıq gúresiniń rawajlanıwında aldıńǵı qatardaǵı oy-pikir iyeleriniń úlesi ayrıqsha boldı.

Qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırları Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh, Omar, Annaqul, Sıdıq, h.t. basqalar óz shıǵarmalarında xalıq mápin jırladı hám azat el ushın gúres alıp barıwǵa shaqırdı.

### *I. Kerekli ádebiyatlar dizimi:*


1. Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám mámleketshiligi tariyxınan. Nókis, 2001.

2. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis, 1992.

3. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis, 2003.

4. Mambetullaev M., Turebekov M. Qubla Aralboyı xalıqları tariyxınan. T., 1-3. Nókis. 1997-1998.

5. Mambetullaev M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis. 2002.

6. Mambetullaev M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis. 2003.


### *Ulıwmalastırıwshı maǵlıwmatlar alıw ushın sorawlar hám tapsırmalar:*

1. XIX ásirdiń ekinshi yarımında Hiywa-Rossiya qatnasıqlarınıń keskinlesiwi sebepleri nede?
2. Patsha Rossiyasınıń Hiywa hám qaraqalpaq jerin basıp alıwında tiykarǵı maqseti ne?
3. Patsha Rossiyasınıń koloniyalıq siyasatınıń Qaraqalpaqstanda júrgiziliwi qanday aqıbetlerge alıp keldi?

## *№8. Óz betinshe jumıs*

***Tema:* QARAQALPAQSTAN - SUVERENLI JAŃA DÁWIRDE**

***1-tapsırma:* Qaraqalpaqstannıń ǵárezsizlik jıllarındaǵı jámiyetlik - siyasiy turmısı**

***Orınlanıwı:***

- talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasınıń payda bolıwı hám onıń tariyxıy áhmiyetine toqtalıp ótedı hám bul boyınsha maǵlıwmat toplaydı.
- respublikamız jámiyetlik siyasiy turmısındaǵı túpkilikli ózgerislerdi úyrenedi;
- hár bir talaba óziniń awılı, aymaǵı boyinsha bolip atırǵan tariyxıy hám jámiyetlik-siyasiy processlerden, jańalıqlardan xabardar bolıwı kerek hám ol haqqında maǵlıwmat jıynawı zárúr.

***2-tapsırma:* Qaraqalpaqstan - bazar ekonomikasına ótiw jolında**

***Orınlanıwı:***

- talaba bul tapsırmanı orınlaǵanda ǵárezsizlik jıllarındaǵı Qaraqalpaq xalqınıń bazar ekonomikasına ótiw jolındaǵı ámelge asırılǵan reformaları, olardıń orınlanıwı hám nátiyjeleri haqqinda materiallard toplaydı hám olardı analizleydi, úyrenedi;
- ǵárezsizlik jıllarındaǵı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ruwxıy-mádeniy turmısı, ilim, pán hám bilimlendiriw tarawınıń rawajlanıwındaǵı jetiskenliklerin biliwi, olarǵa mısallar keltiriwi kerek;
- Respublikamız ruwxıy-mádeniy turmısındagı kóz quwanar ozgerisler, ilim, pán hám bilimlendiriw tarawındaǵı jetiskenliklerimiz haqqında ǵalaba-xabar quralларındaǵı maqalalardı jıynaw;
- Qaraqalpaqstan jaslarınıń ǵárezsizligimiz sharapatı menen sport tarawında erisken jetiskenlikleri haqqında maǵlıwmatlar toplaw hám foto al'bom tayarlaw.

***T e m a n ı   o r ı n l a w d a   k e r e k l i   ú s k e n e l e r :***

- Qaraqalpaqstan Respublikasınıń kartası, qaraqalpaq xalqınıń milliy bayramları túsirilgen video fil`mler, hújjetli fil`mler, SD ler, muzey eksponatları, klassterler, A-4 formatlı qaǵazlar, reńli qaǵazlar, kishi lekciyalar, tarqatpa materiallar.

**J u m ı s t ı ń   m a z m u n ı:**

**Suveren Qaraqalpaqstan Respublikası.** G`árezsizlik - bul milliy mámleketshilikti tiklew, kúshli demokratiyalıq huqıqıy mámleket payda etiw, ǵárezsiz túrde ishki hám sırtqı siyasat júrgiziw, Ózbekstannıń dúńya jámiyetshiligine qosılıwın, onda áhmiyetli orın iyelewin túsinemiz.

Ózbekstannıń mámleketlik ǵárezsizligine iye bolıwı úlken tariyxıy áhmiyetke iye bolıp esaplanadı. Ózbekstan xalqı óz taǵdirin ózi belgilewi haqqında, óz milliy mámleketin payda etiw múmkinshiligine, ekonomikada túpkilikli ózgerisler islew imkaniyatına iye boldı.

Jurt tariyxı, áyyemgi mádeniyat tiklene baslandı, milliy kóz-qarastan jańasha oylaw qáliplesip, ózbek xalqı tariyxında jańa dáwir - ǵárezsizlik dáwiri baslandı. Ózbekistan óziniń mámleketlik ǵárezsizligin qolǵa kirgizgennen keyin, Qaraqalpaqstan ASSR Respublikası ǵárezsiz Ózbekistan quramındaǵı suveren Qaraqalpaqstan Respublikası bolıp járiyalandı.

1990-jılı 14-dekabr'de Qaraqalpaqstan Respublikası Oliy Keńesiniń IV sessiyasında «Ózbekstan Respublikası quramında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik suvereniteti haqqında Deklaraciya» qabıl etildi. Bul deklaraciya 1991-jıl 31-avgustta qabıl etilgen «Ózbekstan Respublikası mámleket ǵárezsizligi tiykarları haqqındaǵı» Nızamda óziniń huqıqıy tiykarın taptı. Onda Qaraqalpaqstannıń aymaqlıq bir pútinligi hám ǵárezsizligi haqqında aytıldı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında belgilengenindey, Qaraqalpaqstan Respublikası rawajlanıwı ushın bir qatar huqıqıy normativ hújjetleri jaratıldı. Mısalı: Ózbekstan respublikası Oliy Majlisiniń hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti janında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń huqıqıy wákilligi bar.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 71-stat`yasında belgilep qoyılǵanınday, Qaraqalpaqstan Respublikası óz Konstituciyasına iye bolıwı kerek. Mine usı huqıqıy tiykarǵa góre Qaraqalpaqstan Respublikası Oliy Kengashi óziniń XII sessiyasında 1993 jılı 9-aprel'de Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyası qabıl etti. Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyası Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına qarsı kelmeydi, kerisinshe onı bas huqıqıy tiykar sıpatında biledi hám Qaraqalpaqstan aymaǵında tolıq iske asıwın támiynleydi.

Qaraqalpaqstan milliy mámleketi óz rawajlanıwı tariyxında birinshi ret - usınday ádil, adamgershilikke tiykarlanǵan demokratiyalıq jenislerge iye bolǵan konstituciya qabıl etti.

Qaraqalpastan Respublikası suveren respublikanıń barlıq mámleketlik belgilerine iye. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Kenestiń 1992 jıl 14-dekabr'de bolıp ótken XI sessiyasında Qaraqalpaqstan mámleketlik bayraǵın tastıyıqladı.

1993-jılı 9-apreldegi XII sessiyasında mámleketlik gerb tastıyıqlandı. 1993-jıl 4-dekabr'de bolıp ótken Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı keńesiniń on ekinshi shaqırıq on tórtinshi sessiyasında Ózbekstan, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı I.Yusupov sózine talantlı kompozitor N.Muhameddinov muzıkasın jazǵan mámleketlik gimni hám muzıkalıq redakciyası qabıl etildi.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstitutsiyasına tiykarlanıp respublika parlamenti Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Kenesi dep ataldı. Joqarǵı Kenestiń 1995-jılı 11-yanvar`da Nókis qalasında bolıp ótken birinshi shaqırıq, I sessiyasında Joqarǵı Kenes baslıǵı, onıń orınbasarları, mandat komissiyası, 8 komitet baslıqları hám onıń aǵzaları saylandı.

Joqarǵı Kenes baslıǵı qasındaǵı úzliksiz hárekettegi Kenes shólkemlestirilgen bolıp, onıń quramına Joqarǵı Kenes baslıǵı, baslıq orınbasarları, Wázirler kenesi baslıǵı, mandat komissiyası hám komitetler baslıqları kiredi. Qaraqalpaqstan Respublikası atqarıwshı hákimiyat organı Wázirler kenesi bolıp esaplanadı. Onıń quramına baslıq, eki birinshi orınbasar hám tórt taraw orınbasarları kiredi. Sonday-aq, atqarıwshı hákimiyat quramına wázirlikler hám taraw komiteti baslıqları kiredi.

Qaraqalpaq hám ózbek xalqı birneshe on jıllıqlar dawamında toplanıp qalǵan mashqalalardı sheshiwde, jámiyetlik-ekonomikalıq qatnasıqlardı jáne de tereńlestiriwde, olardı birden-bir alǵa umtılıw maqseti birlestirip turǵanlıǵı ayqın kózge taslanadı.

1992-jılı Nókis qalasınıń 60 jıllıǵı keń túrde belgilendi. Bul Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxındaǵı eń áhmiyetli waqıyalardıń biri bolıp qaldı. Ózbekstan Respublikasınıń birinshi prezidenti I.A.Karimovtıń Nókis qalasınıń 60 jıllıq bayramında «Ózbekstan táǵdiri-bul Qaraqalpaqstan táǵdiri, ózbek xalqınıń tágdiri-bul qaraqalpaq xalqınıń keleshegidur» degen sózleri úlken áhmiyetke iye.

Ǵárezsizlik nátiyjesinde xalıq-aralıq baylanıslar ádewir rawajlandı. Eldiń sırtqı ekonomikalıq baylanısları boyınsha ministrlik dúzildi. Jáne de Ózbekstan sırtqı isler ministrliginiń Qaraqalpaqstan bólimi shólkemlestirildi. Ǵárezsizlik jılları olar óz aldına hám Ózbekstan delegaciyası quramında sırt ellerdiń kóplegen mámleketlerinde bolıp qayttı.

*Qaraqalpaqstan bazar ekonomikasına ótiw jolında.* 1991-jılı 31-avgustta Ózbekstan óz ǵárezsizligine iye bolǵannan soń tınısh parlamentlik jol menen óz mámleketin rawajlanıwǵa kiristi. Elimizde haqıyqıy demokratiya, erkinlik hám insane huqıqların moyınlaw normaları orınlandı. 1992-jılı 2-martta Ózbekstan xalıq-aralıq huqıqtıń tolıq huqıqları sub`ekti retinde BMSH ǵa qabıl etildi.

Birinshi prezidentimiz I.A.Karimov tárepinen Aralboyı mashqalaların sheshiw boyınsha birqansha jumıslar islendi, 1994-jılı 11–yanvar` kúni Nókiste Oraylıq Aziyanıń bes mámleketiniń prezidentleri hám de Rossiya federaciyasınıń wákilleri qatnasıwında ótkizilgen ushırasıwda Aralǵa hám Aral boyı xalqına ámeliy járdem beriw máselesi talqılandı. 1995-jılı sentyabr`de Nókiste ótkizilgen xalıq-aralıq konferenciyada deklaraciya qabıllanıp hám onda pútkil dúńya jámiyetshiligi itibarı Aral mashqalasına qaratıldı.

*Ruwxıy-mádeniy turmıs. Ilim, pán hám bilimlendiriw tarawınıń rawajlanıwı:* Hár qanday mámlekettiń ullılıǵın belgileytuǵın tiykarǵı faktorlarınıń biri onıń xalqınıń ruwxıy mádeniyatı bolıp esaplanadı.

1992-jılı 19-dekabr`de Qaraqalpaqstannıń paytaxtı Nókis qalasınıń 60 jılǵa tolǵan saltanatlı merekesi belgilendi. Bul saltanatlı maresim Ózbekstan Respublikasınıń birinshi Prezidenti I.A.Karimovtıń qatnasıwında ótkerilip, oǵan Túrkmenstan hám Qazaqstan Respublikasınıń rásmiy wákilleri qatnastı. Bul sáne ózbek, qaraqalpaq xalıqlarınıń birligin hám doslıǵınıń merekesine aylandı.

1993-jılı 23-24-dekabr` künleri Qaraqalpaqstannıń dáslepki paytaxtı Tórtkúl qalasınıń 120 jıllıq merekesi saltanatlı túrde belgilendi.

1993-jılı 25-29-yanvar` kúnlerinde Tashkent qalasında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mádeniyat kúnleri ashıldı. Usı mádeniyat kúnlerine juwap retinde 1993-jıldıń 17-noyabrinde Qaraqalpaqstanda tórt kún dawam etken "Tashkent qalasınıń mádeniyat kúnleri" baslandı.

Ǵárezsizlik bárinen de burın xalıq bilimlendiriw tarawında ayrıqsha áhmyietke iye boldı. Respublikamızda jańa tiptegi orta arnawlı, ulıwma bilim beretuǵın liceyler, gimnaziyalar hám ayırım pánlerdi tereńlestirilgen halda oqıtatuǵın mektepler rawajlandı. Qaraqalpaqstanda ilim jańadan rawajlanbaqta. Ózbekstan ilimler akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı 1992-jılı usı akademiyanıń bólimi bolıp qayta dúzildi. Bul bólimde jańa ilimiy bólimlerdiń payda bolıwı qaraqalpaq alımlarınıń tábiyat, jámiyetlik ilimlerdi jáne de rawajlandırıw, xalıq xojalıǵı hám mádeniyatın jetilistiriwde salmaqlı úles qosıwǵa múmkinshilik berdi.

1997-jılı 10-12-sentyabr` kúnleri Nókis qalasında qaraqalpaq xalıq dástanı «Qırq qız» hám túrkiy tilles xalıqlarınıń fol'klorın izertlew máselelerine arnalǵan xalıq aralıq ilimiy teoriyalıq konferenciyasınıń ótkeriliwi BMSh nıń Oraylıq Aziyadaǵı wákili Xalid Maliktiń, Kiprden, Túrkiyadan, Azerbayjan, Bashkiriyadan hám pútkil Oraylıq Aziya xalıqları ádebiyatı wákilleriniń qatnasıwı búgingi qaraqalpaq ádebiyatın túrkiy xalıqlar dúńyasına tanıttı. 1998-jılı 19-dekabr`de Berdaq Qarǵabay ulınıń 170 jıllıq hám 1999-jılı dekabr`de Ájiniyaz Qosıbay ulınıń 175 jıllıq merekesi pútkil Ózbekstan kóleminde belgilendi.

Muzeyler xalqımızdıń milliy miyrasın qásterlewshi mádeniyat oshaǵı bolıp tabıladı. Burın I.V.Savickiy atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik kórkem óner muzeyi

ashılǵan waqıtta (5-fevral` 1966-jıl) tek ǵana 10 mıń eksponat bolsa, al házir 70 mıńnan aslam eksponatlar muzey fondınan orın alıp, xalqımızdıń ruwxıy dúńyasın bayıtıwǵa xızmet etedi.

1998-jılı 9-yanvar`da I.V.Savickiy atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik kórkem óner muzeyiniń Frantsiyada kórgizbesiniń ashılıwı elimizdiń 300 ge shamalas eksponatların tanıstırdı. Bul jetiskenlik francuz baspa sóziniń kórsetkenindey, “muzey shıǵarması Oraylıq Aziya kórkem óneriniń tanıs emes betlerin ashıp XX ásir baylıǵı” sıpatında bahalandı.

### *I. Kerekli ádebiyatlar dizimi:*


1. Karimov.I.A. Jańasha oylaw-dáwir talabı. Nókis, 1997.
2. Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yóq. Toshkent, 1998.
3. Karimov İ.A. Ózbekiston XXI asrga intilmoqda. Toshkent, 1999.
4. Karimov I.A. Yuksak ma’naviyat engilmas kuch. Toshkent, 2008.
5. Aytmuratov J. Ǵárezsizlik dáwirinde Qaraqalpaqstan mádeniyatınıń rawajlanıwı. Nókis, 1999.
6. Aytniyazov P. Qaraqalpaqstan respublikası suveren mámleket. Nókis, 1992.
7. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstitutsiyası. Nókis, 1993.
8. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis, 1992, 2003.
9. Mambetullaev M., Turebekov M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxi. “Qaraqalpaqstan”. 2010.
10. Nietullaev S.D. Gosudarstvennoe stroitel`stvo v respublike Karakalpakstan. N-1993.
11. Ózbekiston tashki siyasati va diplomatiyasi Toshkent, ″Ózbekiston″, 1993.
12. Ózbekistonning yangi tarixi. III-tom. Mustaqil Ózbekiston tarixi. Toshkent. ″Sharq″, 2000.

## I. Oqıw tapsırma: Isshi dapterin toltırıń



**Qaraqalpaqstan Respublikası suvereniteti qashan qabıl etildi?**

## II. Oqıw tapsırma: Isshi dapterin toltırıń




**Muzey-xalqımız aynası?**

## III. Oqıw tapsırma: Isshi dapterin toltırıń

| | |
|---|---|
|  | **Qaraqalpaqstan Respublikası gárezsizlik jıllarında?** |

***Ulıwmalastırıwshı maǵlıwmatlar alıw ushın sorawlar hám tapsırmalar:***

1. Ózbekstan Respublikası ǵárezsizliginiń tariyxıy áhmiyeti?
2. Qaraqalpaqstan mámleketshiliginiń rawajlanıwı?
3. Qaraqalpaqstanniń bazar ekonomikasına ótiwı?
4. Xalıqtıń sociallıq turmısın turaqlastırıw ushın islenip atırǵan is-ilajlar?
5. Qaraqalpaqstannın sırtqı ekonomikalıq baylanıslarınıń rawajlanıwında neler ámelge asırılmaqta?
6. Xalıq bilimlendiriw tarawındaǵı ozgerisler?
7. Aral mashqalasınıń uyreniliw jaǵdayı qanday?
8. Búgingi kúnde arxeologiyalıq estelikerdi qorǵawda mámleketimiz tárepinen qanday ilajlar ámelge asırılıp atır?

# GLOSSARİY

***Ámiwdár'ya*** — Orta Aziyanıń eń úlken dár'yası bolıp, saǵası Avganstanniń Hindikush tawınıń janbawırlarınan baslanatuǵın dár'ya.

***Antropologiyalıq tip*** — belgilengen aymaqqa múnásip adamnıń dúzilisindegi rasalıq belgileriniń qáliplesiwi. Bul atama menen úlken rasalar, olardıń bólimleri de anıqlanadı.

***Arxeologiya*** (grek.) — adamzat jámiyetiniń ótmishtegi tariyxın, tiykarınan arxeologiyalıq qazıw nátiyjesinde tabılǵan zatlay mádeniyat negizinde izertlenetuǵın ilim.

***Arxiv* -** arxiv hújjetlerdi qabıl etetuǵın, saqlaytuǵın hám de olardı siyasiy, ilimiy, xalıq xojalıq, social-mádeniy hám basqa da maqsetler ushın paydalanatuǵın hújjetler jıynalǵan mákeme.

***Arıq aqsaqal*** ( túrk.) — házirgi Ózbekstan aymaǵında XIX ásirdiń ekinshi yarımında dáryadan baslanǵan arnalardı tekserip qadaǵalawshı bas murap.

***Geneologiya*** *(grek.shejire)* — járdemshi tariyx pánleriniń biri. XVII-XVIII ásirlerde payda bolǵan. Bilimlerdiń ámeliy tarawı, shejireler dúzilisi, urıw hám qáwimlerdiń kelip shıǵıwı, ayırım shaxslardıń tariyxıy, tuwısqanlıq qatnasıqlarınıń arnawlı úyreniliwi.

***Genezis*** *(grek.)* — kelip shıǵıwı. Etnologiyada xalıqlardıń kelip shıǵıwı.

***Gáwirqala*** — II-IV ásirlerde Sultan Ways tawınan 1,5 km túslikte salınǵan estelik.

***Etnikalıq birlik*** — adamlardıń qáwim, elat, millet hám basqa da birikpelerinen ibarat bolǵan, tariyxıy payda bolǵan ayrıqsha birikken jámiyetlik topar. Etnik birlik túsinigi etnografiyalıq jaqtan «xalıq» mánisin bildiredi.

***Etnikalıq topar*** — turmıs hám mádeniyattiń ayırım elementleri (tili, materiallıq hám ruwxıy mádeniyatındaǵı ózine tán qásiyetleri, dini hám t.b.) dı saqlaǵan xalıq yamasa millettiń ayrıqsha bólimi.

***Etnikalıq process*** — etnikalıq birlik (elat) penen onıń quramına kirgen etnikalıq toparlar ortasındaǵı xojalıq, ekonomikalıq, mádeniy qatnasıqlardıń úzliksiz rawajlanıp barıwı. *Bul process eki túrli:* bólinip ketiwge hám birlesiwge májbúr.

***Etnikalıq tariyx*** — belgili bir xalıqtıń dáslepki ata-babalarınan baslanıp, elat qáliplesiwi, onıń rawajlanıwı basqıshların hám elattıń joq bolıp ketiwi dáwirlerin óz ishine aladı.

***Etnonim*** *(grek.)* — xalıqlardıń atların ańlatıwshı atama.

***Erejep*** («tentek») Quljı biy ulı (1801-1888-jj) — 1873-jılı 10-iyunde general Kaufman menen ushırasıwǵa qaraqalpaqtıń 6 biyin Xiywaǵa baslap barǵan. Qaraqalpaqtıń qıpshaq urıwınıń jádik tiyresinen shıqqan, Shımbay rayonı aymaǵında jasaǵan.

***Ernazar biy*** ( Alakóz batır 1805-1858-jj) — XIX ásirde qaraqalpaq xalqınıń ǵárezsizlik gúresi tariyxında ayırıqsha iz qaldırǵan tariyxıy isker. Qoldawlı urıwınan shıqqan Aydos biydiń inisi Mırjıq batır dıń balası.

***Ernazar biy*** atalıq Qabıl biy ulı (1818-1897-jj) — qaraqalpaqlardıń «on tórt urıw» arısınan, ómir keneges tiyresinen shıqqan atalıq. Xiywa xanlıǵınıń atınan Orenburgqa elshi bolıp barǵan.

***Ernazar palwan Niyaz biy ulı*** — qaraqalpaq, mańǵıt urıwınan shıqqan. Jawırını jerge tiymegen palwan. Ernazar Alakóz baslaǵan xalıq kóterilisinde tuw uslap júrgen.

***Esen*** — Ústúrttiń Barsakelmes oylıǵınıń jaǵasında jaylasqan Neolit (ashel) dáwirindegi adamlardıń kremen tasınan qurallardı islep alǵan orınları.

***Baraqtam*** — Taxtakópir poselkasınan 120 km arqa shıǵısta jaylasqan. Ol IV- V ásirlerdegi qala qarabaxanasınan hám onıń átirapındaǵı b.e.sh. III-I mıńınshı jıllardaǵı mákanlardan ibarat.

***Beglerbegi*** — joqarǵı bek. Beglerbegi xanǵa eń jaqın bolǵan h'ám mámleket islerin basqarıp barǵan. Temuriyler dáwirinde joqarǵı áskerbası, Xiywa xanlıǵında qaraqalpaq hám basqa xalıqlarda joqarǵı lawazımlı adam.

***Belewli arxeologiyalıq kompleksi*** — XIV ásirdiń ortalarındaǵı belewli kárwan-saray, qábirstan, hák tası káninen hám sardobadan ibarat. Ústúrt platosında Jaslıq temir jol stantsiyasınan 57 km, arqa-batısta jaylasqan.

***Waqım*** (waqf arab.) — musılman mámleketlerinde meshit, medrese hám usı sıyaqlı diniy kárxanalar, mákemeler hám áwliyeler ıqtıyarına mámleket h'ám ayırım adamlar tárepinen qayırqomlıq, quda jolına berilgen jer-suw, jaylar hám basqa múlkler.

***Jayhun*** (arab.) — Ámiwdár'yanıń áyyemgi atamalarınıń biri. VIII ásirden baslap belgili.

***Juwaz*** — may islep shıǵaratuǵın ásbap. Zıǵır, gúnji, shigit, qawın, asqabaq tuqımlarınan may islep shıǵaradı.

***Kárwan bası*** — kárwandı basqarıwshı adam, sawdagerlerdiń baslıǵı. Kárwan bası zatlardan salıq óndiriw payıtında jetekshi rol atqarǵan.

***Kárwan saray*** — shıǵısta, Orta Aziya, Kavkaz jerlerinde sawda jolları payda bolıw dáwirinde sawdagerler, sayaxatshılar h'ám basqa jolawshılardıń qonıp ótiwi ushın salınǵan jay. Ol miymanxana, asxana, atxana, sawdagerlerdiń zatların saqlaytuǵın ójirelerden ibarat bolǵan.

***Kelteminar mádeniyatı*** — Túslik Aral boylarındaǵı neolit (b.e.sh. 5 – 4 mıńınshı jıllar) dáwirindegi arxeologiyalıq mádeniyat. Ańshılardıń, balıqshılardıń mákanları.

***Kerder*** — Ámiwdár'yanıń tómengi aǵısınıń oń tárepindegi VII-XI ásirlerdegi wálayat hám qala.

***Kúyik qala*** — Shımbay qalasınan 30 shaqırım arqada Qusxana tawınıń eteginde jaylasqan arxeologiyalıq estelik.

***Qaraqum iyshan*** — XVII-XVIII ásirlerdiń baslarında qaraqalpaqlardıń ruwxıy h'ám mádeniy oraylarınıń biri.

***Qırq jigittiń qalası*** — Qaraózek kolxozınıń aymaǵında jaylasqan arxeologiyalıq estelik.

***Qırq qız*** — Búrkitqala oazisiniń arqa bóliminde Sultan-Ways tawınıń eteginde jaylasqan qala.

***Qırq shopan*** — Mizdakxan arxeologiyalıq kompleksi qoyımshılıǵınıń arqa bóliminde jaylasqan maxbara.

***Maman biy ibn Oraz Muhammed*** (Orazan batır 1722-1826-jj) — aqmańǵıt Edige batır biydiń áwladı. Maman biy Jańadár'ya, Quwandár'ya hám Ámiwdár'yanıń tarmaǵı- Kegeyli, Jılwan jap boylarında jasaǵan.

***Mizdakxan*** — Xojeli qalasınan úsh shaqırım túslik-batısta jaylasqan. Maydanı 200 ga dan artıq. Estelik bir neshe bólimnen turadı: Gáwirqala, Altın Orda dáwiriniń qalası, qala qoyımshılıǵı hám olardıń átirapındaǵı suwǵarıw qurılısları, atızlarınan ibarat.

***Minar*** — biyik imarat, qurılıs, estelik, orta ásir qalalarınıń saqshısı turatuǵın biyik jay.

***Mirab*** (Murap) (arab sózi)- Shıǵıs mámleketlerinde, sonday-aq Orta Aziyada revolyuciyaǵa shekem suwdıń bólistiritiwine juwapker adam.

***Mısqal*** (arab) — awırlıq ólshemi. Orta ásirlerde qımbat bah'a taslardıń salmaǵın h'ám bah'asın anıqlaw ushın qollanılatuǵın ólshem birligi.

***Ómirbek laqqı*** — Qaraqalpaqstan hám Xorezm xalıqları arasında ápsanaǵa aylanıp ketken laqqı, tariyxıy adam.

***Seyis*** — qaraqalpaqlarda at baǵar. Belgili adamlardıń atın baǵıwshı, atlardı jarısqa tayarlawshı.

***Tanap*** (arab) — arqan jip. Jer ólshewde qollanılǵan uzınlıǵı ortasha 60 gez (39,9m) bolǵan arqan hám kólemi 60x60 yaǵnıy 3600 kv gezge teń bolǵan jer maydanı.

***Teńge*** (túrk.) — orta ásirlerde Buxara, Qoqan, Xiywa xanlıqlarına qaraslı qala hám awıllarda aylanısta bolǵan altın gúmıs mıstan jasalǵan pul.

***Tók-qala*** — Nókis qalasınan 14 shaqırım arqa-batıstaǵı Tók tawı biyikliginiń ústinde jaylasqan.

***Shoraxan*** — Tórtkúl qalasınan 10 shaqırım túslik-batısta jaylasqan IX-X ásirlrdegi arxeologiyalıq estelik.

## *Á D E B İ YA T L A R:*


1. Ózbekstan Respublikasi Konstitutciyası. 1992.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasi Konstitutciyası. Nókis. 1993.
3. Karimov I.A. Men tek ózbek xalqınıń emes, al qaraqalpaq xalqınıńda perzentimen. QR Joqarǵı Keńesiniń sessiyasında sóylegen sózi. Erkin Qaraqalpaqstan. 2001. 5-dekabr`
4. Karimov I.A. Ózbekiston XXI asrga intilmoqda. Toshkent. 1999.
5. Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yóq. Toshkent. Sharq, 1998.
6. Karimov I.A. Yuksak mánaviyat engilmas kuch. Toshkent. 2008
7. Karimov I.A. Ózbekiston mustaqillikka erishish ostanosida. Toshkent. 2011
8. Abdullaeva Ya. Qaraqalpaqstannıń hayal-qızları: keshe hám búgin. XIX asirdiń aqırı hám XX ásir. Nókis. 2010
9. Babashev Sh. Qaraqalpaqstanda siyasiy repressiyalar. Nókis. 2003.
10. Esbergenov X. Qońırat - tariyxıy hám mádeniy estelik. Nókis. 1993.
11. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis. 2003.
12. Kamalov K. El xızmetinde Nókis. 1996.
13. Kamalov S. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwi hám onıń mámleketshilik tariyxınan. Nókis. 2001.
14. Kamalov S. Ernazar Alakóz- xalıq batırı. Nókis. 1983.
15. Mambetov K. Qaraqalpaqlar tariyxı. Nókis. 1993
16. Mambetov K. Qaraqalpaqlar shejiresi. Nókis. 1993
17. Mambetullaev M., Turebekov M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxi Nókis. 2011
18. Shamambetov B., Yusupov O. Ozbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı boyınsha derekler. Nókis. 1995.
19. Tolstova L.S. Joqarǵı qaraqalpaqlar. Nókis. 1975
20. Toreev A. Qaraqalpaqstanda 1916-jilǵı xalıq kóterilisi. Nókis. 1986.
21. Ózbekistonning yangi tarixi. I-II-III-tom.
22. Qaraqalpaqstannıń jan`a tariyxı. Nókis. 2003.

### *Qosımsha ádebiyatlar:*

1. Tlewmuratov M. Qaraqalpaqlardıń tuwısqan xalıqlar menen baylanısları. Nókis. 1989.
2. Ózbekistan tariyxı. 1-bólim. Toshkent. 2010.
3. Qaraqalpaq folk`lori tom 1-20. Nókis. Bilim, 2012
4. Berdaq. Shejire. Nókis. 1993
5. Seytimbetov M. Qaraqalpaqstanda temir jol qurılısı tariyxınan. Nókis. 1993.
6. Ubbiniyazov J. Qaraqalpaqstan XX ásirdiń basında Nókis. 1990
7. Xojaniyazov G., Hakimniyazov J. Qaraqalpaqstannıń ájayıp jeti esteligi Nókis. 2004.
8. Xojaniyazov G., Yusupov O. Qaraqalpaqstandaǵı muxaddes orınlar. Nókis.1992.
9. Shamambetov B. Qaraqalpaqstannıń awıl xojalıǵı. Nókis. 1994.

### *İnternet saytları:*

1. www.karakalpak.ru
2. www.socioline.ru/node/408
3. www.kktar.clow.ru
4. scepsis.ru/library/id_1062.html
5. ru.wikipedia.org/

## «Qaraqalpaqstan tariyxı» páni boyınsha TEST tapsırmaları:

## Qaraqalpaqstan áyyemgi adamlar mákan jayları:

1. Qaraqalpaqstannıń qaysı jerlerinen tas (paleolit) dáwirine tiyisli miynet quralları tabılǵan?
1. Araldıń shıǵıs átirapında. 2. Ústúrttiń Barsakelmes oypatı aymaǵında.
3. Uzboy jaǵalarında. 4. Qızılqumda. 5. Sarıqamıs deltasında. 6. Sırdár'yanıń tómengi aǵımında.
A) 2,3,4. B) 1,3,5. S) 1,2,3. D) 2,4,6.

2. Qaysı adam túrleri eń áyyemgi adamlar (adamalrǵa uqsas maymıllar) hám házirgi adamlar aralıǵındaǵı qatlamlardı quraydı?
A) zinjantroplar B) kromanyonlar S) sinantroplar D) neandertallar

3. Tas dáwirinde Qızılqumnıń bir bólegi qaysı dárya menen suwǵarılǵan?
A) Narın B) Sırdárya S) Ámiwdárya D) Zarafshan.

4. Qaraqalpaqstannıń qay jerinen paleolitke tiyisli surǵılt-sur hám qońır-sur reńli shaqmaq hák tası tabılǵan?
A) Qızılqum B) Sarıqamsı deltası S) Uzboy boyı D) Ústúrt

5. Ústúrttegi qaysı mákannıń kólemi shama menen 30X30 m bolǵan?
A) Qaraqudıq B) Esen-3 S) Shurıq-12 D) Ayboldı

## Qubla Aral boyı xalıqlarınıń diniy isenimleri

1. Qaraqalpaqstada qaysı aymaqlarda tasqa oyılǵan súwretler hám belgiler tabılǵan?
1. Sultan Ways tawı 2. Bestóbe 3. Qabat-7 4. Qaratóbe 5. Qusxana 6. Shılpıq
A) 1,3,5. B) 2,3,4. S) 1,2,3. D) 2,4,6.

2. Qaysı jerden shabandozlar, áskeriy kórinisler, qılıshlar, túyeler, atlar hátteki qayıqlı adamlardıń súwretleri tabılǵan?
A) Shılpıq B) Bestóbe S) Qaratóbe D) Sultan Ways tawı

3. Qaraqalpaqstan aymaǵınan tabılǵan hárqıylı múyeshlerde kesisetuǵın úlken hám kishi sızıqlar, tuwrı múyeshlik (tuwrı hám qıyatorlar) túrindegi belgilerdi ilimpazlar ne degendi ańlatadı, dep boljaydı?
A) "Jay, saray" B) "Oqjay" S) "Ań" D) "Qáwim, urıw".

4. Ossuariylerdiń qanday túri jiyi ushırasadı?
A) háykel B) qum. S) kishi sandıqsha D) shiyshe

5. Ossuariy saqlaytuǵın arnawlı bólme yamasa jer ne dep atalǵan?
A) xaura B) naus S) oxra D) ark

**Qubla Aralboyı jerleriniń arablar tárepinen basıp alınıwı:**

1. Arablar basqınshılıǵı dáwirinde Xorezmde áskeriy hákimiyattı óz qolına alǵan eki tuwısqannıń biri kim edi?
A) Mamun B) Xurrizad S) Amin D) Shaǵan

2. Arablar basqınshılıǵı dáwirinde Xorezmde diniy hákimiyattı iyelep turǵan eki tuwısqannıń biri kim edi?
A) Mamun B) Xurrizad S) Amin D) Shaǵan

3. Xorezmdi eki tuwısqan basqarıp turǵan dáwirde qayerde arab basqınshıları bolǵan?
A) Marı B) Samarqand S) Amul D) Balx

4. Arab áskerbasısı Kuteyba ibn Muslim Samarqandqa atlanısqa tayarlanıp atırǵanında onıń menen til biriktirgen kim edi?
A) Mamun B) Xurrizad S) Amin D) Shaǵan.

5. Marı házir qayerde jaylasqan?
A) Xorezmde B) Nawayıda S) Túrkmenstanda D) Avganstanda

**Ámir Temur – ullı mámleketlik ǵayratker**

1. Altın Ordada hákimiyat ushın gúres baslanǵanda Xorezmdi Qońırat qáwiminen qaysı dinastiya basqarıp turdı?
A) suwpılar B) anushteginler S) altınshashlar D) afrigidler

2. XIV ásirde kim Qıyat hám Xiywa qalaların basıp aladı?
A) Yusuf Suwpı B) Xuseyn Suwpı S Sulayman Suwpı D) Altınshash

3. 1372-jılı Ámir Temur kimge elshi jiberip, basıp alınǵan jerlerdi qaytarıwdı talap etedi?
A) Yusuf Suwpı B) Xuseyn Suwpı S) Sulayman Suwpı D) Altınshash

4. Xuseyn suwpı Ámir Temurdıń talapların orınlawdan bas tartqannan keyin Ámir Temur qaysı qalanı basıp aladı?
A) Samarkand B) Xiywa S) Úrgenish D) Qıyat

5. Xuseyn Suwpı Temurdan jeńilgennen keyin qaysı qalaǵa qashıp ketip, sol jerde kóp uzamay qaytıs boladı?
A) Wázir B) Xiywa S) Úrgenish D) Qıyat

**Xiywa xanlıǵı dáwirindegi qaraqalpaqlar turmısı:**

1. XVI ásirge shekem Ámiwdárya óziniń suwın qaysı salası arqalı Sarıqamıs kóline, onnan arı Káspiy teńizine quyatuǵın edi?
A) Dáryalıq B) Aqshadárya C) Uzboy D) Terbenbes

2. Xiywa xanlıǵı qashan dúziledi?
A) 1511-jılı B) 1517-jılı S) 1507-jılı D) 1505-jılı

3. Xiywa xanlıǵına kim tiykar saladı?
A) Abulǵazı B) Sherǵazıxan S) Eltúzerxan D) Elbarısxan

4. XVI ásirde Ámiwdárya óz aǵısın arqaǵa, Aral teńizine qaray ózgertkennen keyin qaysı qalalardan suwsızlıq sebepli xalıq kóship ketedi?
1. Xazarasp 2. Qıyat 3. Úrgenish 4. Wázir
A) 1,3. B) 3,4. S) 2,4. D) 1,2.

5. Xiywa xanlıǵınıń eń úlken hámeldarı qaysı edi?
A) qusbegi B) Diywanbegi S) Inaq D) Bas qazı

**1855-1856-jıllardaǵı Ernazar Alakóz kóterilisi:**

1. El arasına salıq jıynawǵa kelgen Xiywanıń adamlarınıń salıǵın tartıp alıp xalıqqa tarqatqanı hám olardı quwıp jibergeni ushın Xiywa xanı Ernazar Alakózdi neshe jılǵa deyin zindanǵa qamap qoyadı?
A) 3 jıl B) 2 jıl S) 7 jıl D) 5 jıl

2. Ernazar Alakóz barlıq biylerdi jıynap alıp, qansha biy xanǵa qarsı shıǵamız dep wádelesken hám bir almanı sonshaǵa bólip jegen?
A) 25 B) 60 S) 45 D) 30

3. Ernazar Alakóz xan etip qazaqlardıń arasınan Zarlıq xan degen tóreni saylap, ózi Zarlıq xannıń qanday lawazımına saylanadı?
A) inaq B) atalıq S) jasawıl bası D) qusbegi

4. Ernazar Alakóz kóterilisine qatnasqan Bala Ernazar qaysı urıwdan edi?
A) qıpshaq B) keneges S) aq mańǵıt D) múyten

5. Ernazar Alakóz kóterilisine qatnasqan Ernazar Palwan biy qaysı urıwdan edi?
A) qıpshaq B) keneges S) aq mańǵıt D) múyten.

## Qaraqalpaqlardıń mádeniyatı

1. Qaraqalpaqlardıń qara úyleri basqa xalıqlardıń qara úylerinen nesi menen ajıraladı?

A) túri, ishki qurılısı jaǵınan B) bekkem aǵashlardan islengenligi menen.
S) reńlerge baylıǵı jaǵınan D) úlkenligi hám qolaylıǵı jaǵınan.

2. Ǵarǵa tuyaq neniń túri?

A) etik B) qawın S) naǵıs D) qara úy

3. Qaraqalpaqlarda naǵıslar tek kimlerdiń kiyiminde bolǵan?

A) káywanı hayallar B) jas balalar S) er adamlar D) hayal-qızlar

4. Qaraqalpaqlarda jańa turmısqa shıqqan kelinshek toyda ne kiygen?

A) kók kóylek B) sáwkele S) jegde D) kiymeshek

5. Qaraqalpaqlarda jırawlar qobız shertip, qaysı dástanlardı atqarǵan?

1.Alpamıs. 2.Gárip ashıq. 3.Qoblan. 4.Góruǵlı. 5.Qırqqız. 6.Sayatxan-Hamra.

A) 1,2,3. B) 2,3,4. S) 1,3,5. D) 2,4,6.

## Patsha Rossiyasınıń basqınshılıǵı dawirinde qaraqalpaqlar

1. 1873-jılı fevral' ayında rus áskerleri general Kaufman basshılıǵında Xiywaǵa atlanadı, atlanısqa qansha adam qatnasadı?

A) 7 mıń. B) 5 mıń. S) 10 mıń. D) 12 mıń.

2. Kaufman basshılıǵındaǵı rus áskeriniń Xiywaǵa atlanısında rus áskerlerinde qansha atqısh top bar edi?

A) 70 top. B) 56 top. S) 120 top. D) 78 top.

3. Rus áskerlerine qarsı Xiywa xanlıǵına qaysı jerlerde sawashlar boldı?

1.Baǵat. 2.Adam qırılǵan qala. 3.Xojeli. 4.Xazarasp. 5.Shımbay. 6.Gúrlen. 7.Mańǵıt. 8.Marı.

A) 2,3,4,6,7. B) 1,3,4,6,8. S) 2,4,5,7,8. D) 1,3,4,6,7.

4. Qashan rus áskerleri Xiywa qalasın iyeleydi?

A) 1873-jılı fevral'da B) 1873-jılı 12-avgustta.
S) 1874-jılı 11-sentyabr'de D) 1873-jılı 29-mayda.

5. General Kaufman Muxammed Raximxan II ni qayerge shártnama dúziwge shaqıradı?

A) Xazarasp B) Gúrlen S) Qońırat D) Gendimian baǵına

**Qaraqalpaqstan Keńes hákimiyatı dáwirinde:**

1. 1919-1929-jıllarda Qaraqalpaqstanda sovet hákimiyatına qarsı kimler basshılığında azatlıq háreketleri alıp barıldı?
A) Barlıqbay hám Ubayxan B) Ubayxan hám Jálil maqsım
S) Góklen batır hám Amanbay D) Áwezjan Xoja hám Shınıqul

2. 1929-jılı qayerde úlken kóterilis boldı?
A) Qaraózek B) Shımbay S) Taxtakópir D) Xojeli

3. 1929-jılǵı kóteriliske kimler basshılıq etti?
1. Barlıqbay. 2. Áwezjan Xoja. 3. Shınıqul. 4. Kárimberdi axun.
5. Jálil maqsım. 6. Ubayxan.
A) 1,4,5. B) 1,3,5. S) 2,4,6. D) 2,5,6.

4. Keńes húkimetine qarsı gúreskenlerdi ne dep ataǵan?
A) Qataǵanlar B) Sheyitler S) Márdikarlar D) Baspashılar

5. Qaraqalpaqstanda kimlerge “xalıq dushpanı” dep jala jawılıp, jazıqsız jazalanadı?
1. Muwsaev Sh. 2. Dosnazarov A. 3. Nurımbetov S. 4. Axmetov X.
5. Áwezov Q. 6. Nurmuxammedov K.
A) 1,4,5. B) 1,3,5. S) 2,4,6. D) 2,5,6.

**Mámleketlik nıshanlar**

1. Qashan xalıq Qaraqalpaqstandı suverenli respublika etip járiyalaw ushın húkimet aldına talap qoyadı?
A) 1989-jılı martta B) 1990-jılı noyabrde
S) 1989-jılı mayda D) 1990-jılı sentyabrde

2. Qashan “Qaraqalpaqstannıń Suvereniteti haqqında Deklaraciya” járiyalandı?
A) 1990-jılı 14-dekabr’de B) 1990-jılı 11-oktyabr’de
S) 1991-jılı 31-avgustta D) 1990-jılı 24-iyunde

3. Qashan Qaraqalpaqstannıń bayraǵı qabıl etildi?
A) 1993-jılı 9-aprel’de B) 1992-jılı 2-dekabr’de
S) 1993-jılı 4-dekabr’de D) 1990-jılı 14-dekabr’de

4. Qashan Qaraqalpaqstannıń mámleketlik gerbi qabıl etildi?
A) 1993-jılı 9-aprel’de B) 1992-jılı 2-dekabr’de
S) 1993-jılı 4-dekabr’de D) 1990-jılı 14-dekabr’de

5. Qashan Qaraqalpaqstannıń gimni qabıl etildi?
A) 1993-jılı 9-aprel’ B) 1992-jılı 2-dekabr’
S) 1993-jılı 4-dekabr’ D) 1990-jılı 14-dekabr’

## M A Z M U N İ

**Kirisiw** ............................................................................ **3-4**
**Talabanıń óz betinshe jumısı boyınsha ulıwma túsinik** ..................... **5-8**
***№1. Óz betinshe jumıs*** **9-16**
**Tema: Qubla Aralboyları qaraqalpaqlardıń áyyemgi ata-mákan jayları**..............................................................................
***№2. Óz betinshe jumıs*** **17-18**
**Tema: Qaraqalpaq xalqınıń fol'klorlıq hám etnografiyalıq miyrasları** ...
***№3. Óz betinshe jumıs*** **19-22**
**Tema: Qaraqalpaqlardıń muqaddes orınları**.......................................
***№4. Óz betinshe jumıs*** **23-27**
**Tema: Qaraqalpaq qalaları hám bazarları**.......................................
***№5. Óz betinshe jumıs*** **28-32**
**Tema: Altın Orda dáwirindegi Qubla Aral boyı mádeniyatı**.. ..................
***№6. Óz betinshe jumıs*** **32-36**
**Tema: Qaraqalpaqlar jerleri XVI-XIX ásirlerde** ..................................
***№7. Óz betinshe jumıs*** **35-44**
**Tema: Qubla Aralboyı patsha Rossiyası koloniyası dáwirinde**...............
***№8. Óz betinshe jumıs*** **45-52**
**Tema: Qaraqalpaqstan suverenli jańa dáwirde** ..................................
**Glossariy** ............................................................................ **53-56**
**Ádebiyatlar** ............................................................................ **57-58**
**Qaraqalpaqstan tariyxı páni boyınsha test tapsırmaları:** ........................ **59-63**